**O`ZBEKISTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKA İNSTİTUTI**

**TARİYX FAKUL`TETİ**

**TARİYX KAFEDRASI**

**4 A KURS TARIYX BAKALAVR TA`LIM BAG`DARI TALABASI AXNAZAROVA NABIRA NIETBAEVNA**

## «XIII-XIV a`sirlerde Orta Aziyada salıq to`lemleri siyasatı»

# PITKERIW QANIGELIK JUMISI

**Ilimiy basshi:**
**professor**
**M.Tleumuratov**

No`kis - 2014

Pitkeriwshi talaba Axnazarova Nabiranın` «XIII-XIV a`sirlerde Orta Aziyada salıq to`lemleri siyasatı» temasındag`ı bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı tariyx kafedrasının` 2014 jıl ___may ku`ngi ____-sanlı protokolı menen ma`mleketlik attestatsiya komissiyasına qorg`awg`a jiberiwge usınıs etildi.

**Tariyx kafedrası baslıg`ı: A.Sarıbaev**

Pitkeriwshi talaba Axnazarova Nabiranın` «XIII-XIV a`sirlerde Orta Aziyada salıq to`lemleri siyasatı» temasındag`ı bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı 2014 jıl ____-may ku`ngi institut rektorının`_____ -sanlı buyrıg`ı menen ma`mleketlik attestatsiya komissiyasına qorg`awg`a jiberildi.

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasının` qararı menen Axnazarova Nabiranın` bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısı ______ ballg`a bahalandı.

**MAZMUNI`**


**Kirisiw …………………………………………………………….. 4**

**I-bap. XIII-XIV a`a`. Orta Aziya jerleri tariyxın izertlew…….……............................................................................ 11**

**1.1. Jazba derekler ………..……………………………………… 11**

**1.2. İzertlew tariyxı..………………… ……………………….……. 14**

**II-bap. XIII-XIV a`a`. Orta Aziya jag`dayı, mong`ol eziwshiligi aqıbeti …….……………………………………………………… 19**

**2.1. XIII a`sir baslarında Xorezmshahlar ma`mleketinde ja`miyetlik-siyasiy jag`day …………………..……………… 19**

**2.2. Orta Aziyag`a mongollardın` basıp kiriwi…………………… 24**

**III-bap. Orta Aziyadag`ı salıq tu`rleri…………………………….. 38**

**3.1. Salıq tu`rleri…………………………………………………… 38**

**3.2. Awırlasqan salıqlar…………………………………………… 40**

**Juwmaqlaw……………………..……………………………. 59**

**Paydalanilg`an a`debiyatlar ……………………………………... 61**

**Qosımshalar…………………………………............................. 63**

# KİRİSİW

G`a`rezsizlik jıllarında Respublikamızda elimiz, xalqımızdın` tariyxın jan`a, ob`ektiv ko`z qarasta jaratıwg`a ha`m tariyx iliminin` rawajlanıwına u`lken itibar qaratılıp atır. Huqıqıy-demokratiyalıq ma`mlekettin` du`ziliwi, ruwxıy miyrastın` qayta tikleniwi ha`m milliy g`a`rezsizlik ideologiyasının` qa`liplesiwi, respublikanın` jer ju`zi sherikligine qosılıwı – O`zbekstan tariyxın qayta, jan`a ko`z-qarasta pikirlewde a`hmiyetli faktorlar bolıp tabıladı. Usının` menen birge O`zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın` ortag`a taslag`an «milliy o`zlikti an`law, milliy maqtanıshtı qayta tiklew ha`m rawajlandırıw protsessinde tariyxıy estelikler, xalıqtın`, tuwılg`an u`lkenin`, ma`mleket aymag`ının` ob`ektiv ha`m haqıyqıy tariyxın qayta tiklew a`hmiyetli orındı iyeleydi»[1] degen pikiri, ja`ne de Ministrler Kabinetinin` 1998-jıl 27-iyuldag`ı «O`zbekstan Respublikası İlimler Akademiyası janındag`ı Tariyx İnstitutının` iskerligin jetilistiriw haqqındag`ı» qararı[2] tariyx iliminin` rawajlanıwına qaratılıp atırg`an itibar bolıp esaplanadı.

O`zbekstan ma`mleketi g`a`rezsizligine eriskennen keyin xalıq ha`m millet tariyxına itibar ku`sheydi. Sonın` menen birge «barlıg`ımızdan bilim ha`m ta`jiriybemizdi, bar ku`sh ha`m imkaniyatlarımızdı iske salıp ha`r birimizden juwapkershilikti teren` sezgen halda na`tiyjeli is alıp barıwdı da talap etpekte».[3]

Orta a`sirlerdegi Evraziya, sonın` ishinde Xorezm xalıqları ushın urıs ha`m qıyınshılıqlar da`wirinin` bir basqıshı mong`ollar zamanı, yag`nıy XIII-XIV a`a`. esaplanıladı. Sebebi bul a`sirler da`slep Shıng`ısxan basshılıg`ındag`ı mong`ollardın` ju`risi (1219-1223-jj) na`tiyjesinde bu`ldiriliwi, son`ınan qaytadan Xorezmde qala ma`deniyatının` tikleniwi menen xarakterlenedi (XIII a`sir ekinshi yarımı XIV-a`sir).

---

[1] Каримов.И.А. Узбекистан на пороге XXI века` угрозы безопастности, услобия и гарантии прогресса. Т.~ Узбекистан. 1997. С. 133.

[2] Народное слово. 1998. 29-июля.

[3] **Қарaң.:** 2012-жыл Ўатанымыздың раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады. // Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың 2011-жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2012-жылда Өзбекстанды социаллық-экономикалық раўажландырыўдың ең әҳмийетли бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянаты. // Еркин Қарақалпақстан. 21-январь. 2012-жыл. №9-10 (19160).

**Temanın` aktuallıg`ı:** Xorezmnin` mong`ollar (XIII-XIV-a`a`.) da`wiri salıq siyasatı tariyx iliminde jeterli izertlenbegen. Usıg`an arnalg`an ilimiy ma`selelerdi u`yreniw.

**İzertlewdin` xronologiyalıq shegarası:** XIII-XIV a`sirlerdi o`z ishine aladı. XIII a`sirdin` I sheregi Orta Aziya Xorezm jerleri Shıng`ısxan basshılıg`ındag`ı mong`ol basqınshıları ta`repinen basıp alındı. Mong`ollar da`wiri Orta Aziya tariyxında az izertlenilgen ma`selelerdin` biri. Shıng`ısxan a`skerleri ta`repinen Orta Aziya jerleri basıp alındı ha`m ko`rilmegen da`rejedegi bu`ldiriw, adamlardı o`ltiriw, tonaw, o`rtew, qurılıslardı qıyratıw, ulıwma qorqıtıw jolı menen o`z u`stemligin ornatıwg`a bag`darladı. Bul Orta Aziya Maverenaxr Xorezm jerlerinin` o`ndiris ku`shlerine u`lken zıyanların tiygizgen. Ko`plegen qalalardın` rawajlanıwı waqıtsha ha`m birotala toqtadı.

Usı xronologiyalıq shegaranı belgilewdin` sebebi: mong`ollar da`wirinde ju`rgizilgen awır salıqlar g`ana xalıqtı ezip qoymay, olardı o`ndiriw usılları da jawızlarsha boldı. Salıqlardı ayawsız jıynaw feodallıq ja`miyette miynetkesh xalıq massasının` jarlılanıwına ha`m bu`liniwine alıp keldi. Mong`ollardın` ju`rgizgen salıq siyasatı ha`m onın` o`zine say ta`replerin mu`mkinshiligi bolg`anınsha tolıg`ıraq ashıp beriwden ibarat.

**Temanın` izertleniw da`rejesi:** Mong`ollar da`wiri Orta Aziya tariyxında az izertlenilgen ma`selelerdin` biri. Mong`ollar da`wiri haqqında ko`plegen shıg`ıs ha`m batıs jazba dereklerde mag`lıwmatlar saqlang`an.

XIII a`sirdin` ortasında Orta Aziya qalalarında ekonomikalıq ha`m ma`deniy turmıstın` qayta tiklengenligin jazba eskertkishler ha`m tabılg`an ten`ge materiallarda tastıyıqlaydı. Batıs Evropalı Rim papası İnnokentiy IV elshisi monax Plano Karlini, ag`ayınlı Polalar XIII a`sirdin` 40-60 jıllarında Altın Orda ha`m Xorezm territoriyasında bolg`anında Organso atı menen Xorezm qalası U`rgenshtin` o`mir su`rgenligin aytadı[1].

[1] Қыдырниязов М-Ш. Хорезмниң орта әсир археологиясы бойынша жазба дереклер ҳәм изертлеўлер. Н. 1995, 51-52 б

Olardan mag`lıwmatlardın` frantsuz koroli Lyudvik IX elshisi Andre De Landjyulyu, italiyalı Djavanni Marshevalo Altın Orda Orta Aziya boyı arqalı mong`ollarg`a jasag`an sayaxatı waqıtında eske tu`sirgenligin tastıyıqlaydı. Orta Aziya qalalarınan biri Djend (Djankent) qalasın XIII a`sirdin` II yarımında Orta Aziyanı ilimpaz Jamal Karshı aytıp ketedi. Bul waqıtlardag`ı Djend, mong`ollar bu`lginshiliginen zıyaн ko`rsede – «sawdagerler ko`plep keletug`ın bazarı bar, paydalı» orın bolg`an[1].

XIII-XIV a`sirlerde Orta Aziya, Xorezm jerleri jo`ninde tariyxıy derekler ko`p emes. Siyasiy mazmundag`ı mag`lıwmattı biz arab-parsı ha`m Orta Aziya feodal istoriografiyalıq xarakterdegi a`debiyatlarda ushıratamız.

Altın Orda, Xorezm jo`nindegi tolıg`ıraq mag`lıwmat qaldırılg`an avtorlardın` biri – İbn Battuta. Onın` «Sayaxat» dep atalg`an tariyxıy miynetinde Xorezm qalasının` ma`deniyatı jo`ninde derekler bar. XIV a`sirdin` 40-jıllarında U`rgensh ekonomikalıq ha`m ko`teriliw jag`dayında bolg`an. «…bul a`hmiyetli bazarlar ken` ko`sheler, ayrıqsha sulıwlıqqa iye ko`p sanlı qurılıslar bar» deydi[2].

Sayaxatshı qaladag`ı ayrıqsha ma`deniyat orınları iretinde Qutlıq Temur medresesin, Tyurabek-Xanım meshiti, xanoqası, qala sırtındag`ı Nadjimatdin-Qubra, Jamaladdin-As-Samarqandi ha`m Abl Qasım Al Zamaxshari arxitekturalıq qurılısların aytıp ketedi[3].

Mong`ollar da`wirindegi tariyxtı izertlew akademik V.V.Bartol`dtın` tiykarg`ı ma`selelerinin` biri. Akademik V.V.Bartol`d XIX a`sirdin` aqırı XX a`sirdin` basında jasag`an ko`rnekli rus shıg`ıstanıwshısı ha`m tariyxshısı. Onın` «Orta Aziya mong`ol shabılıwları da`wirinde» Orta Aziyanın` ma`deniy turmısı, tariyxı ha`m tag`ıda basqa ilimiy jumıslarında ha`m Orta Aziya jerlerinin` ko`p a`sirlik tariyxın u`yrenip mong`ollar da`wirine ken`nen baha beredi.

Orta Aziya jerlerinin` mong`ollar da`wirindegi tariyxın izertlew ayrım sovetlik du`zim da`wirinin` shıg`armalarında orın alg`an. Akademik İ.M.Mayskiy,

---

[1] Толстов С.Д. По древним дельтам Окса и Яксарта, М. 1963, 171 б
[2] Ибрагимов Ю. Ибн Баттута, М., 1988, 26 с.
[3] Бул да сода, 27-28-бетлер.

professor İ.Ya.Merfet, V.T.Pashuto, L.V.Cherepnin ha`m tag`ı basqalar o`z shıg`armalarında Shıng`ısxan da`wirinin` zulımlıqların ashıp ko`rsetti.

XX a`sirdegi Evraziya tariyxın izertlewshilerdin` qatarında mong`ollar da`wirindegi Orta Aziya jerlerinin` tariyxın u`yreniwge o`z u`lesin qosqan ko`rnekli ilimpazlarının` İ.P.Petrushovskiy bolg`anı esaplanadı. Avtor «1219-1824 jıllardag`ı mong`ol a`skerlerinin` Orta Aziyag`a ju`risi ha`m onın` aqıbetleri» degen maqalasında, «XIII-XIV a`sirdegi İrandag`ı eginshilik ha`m agrar qatnasları» atlı kitabında Orta Aziya jerlerindegi mong`ollar da`wirindegi tariyxıy jag`dayı u`yrenilgen. İ.P.Petrushevskiydin` «1219-1924 jj. mong`ol a`skerlerinin` Orta Aziyag`a ju`risi ha`m onın` aqıbetleri» atlı miyneti ju`da` bahalı, bul ko`lemli maqala birinshi ret 1970-jılı «Tataro-mongolı v Azii, v Evrope» degen atlı arnawlı kitap jıynaqta basılıp shıqtı. Maqala «Jazba derekler ha`m izertlewler», «XIII a`sirdin` basındag`ı Xorezmshaxlar ma`mleketi», «Xorezmshax ha`m Shıng`ısxan», «Urıstın` sebepshisi kim boldı?» urıstın` sebepleri ha`m mong`ollardın` a`skeriy jen`isleri Orta Aziya jerlerin mong`ollardan basıp alıw barısı h.t.b. da bo`limlerden turadı.

M.P.Petrushevskiy bul maqalasında Orta Aziya jerlerindegi tariyxıy jag`daylarg`a toqtap Xorezmshax ha`m Shıng`ısxan ortasındag`ı daw ja`njellerdin` urıstı keltirip shıg`arıw sebeplerin u`yrenedi ha`m teren` analiz jasaydı.

Orta Aziya – jerlerin mong`ollar da`wirindegi tariyxın izertlegen belgili ilimpazlardın` biri A.Yu.Yakubovskiy bolıp esaplanadı. A.Yu.Yakubovskiy mong`ollar ma`mleketinin` biri, Altın Orda tariyxın izertlewshi ilimpaz, biraq A.Yu.Yakubovskiy Orta Aziya xalıqları tariyxın izertlewshi retinde ken`nen ma`lim. Orta Aziya belgili jeri O`zbekstan tarixı menen mong`ollar da`wiri boyınsha da o`z pikirin aytqan ilimpaz esaplanadı. A.Yu.Yakubovskiy «O`zbekstan xalıqları tariyxı» I tomında, «O`zbekstan SSSR tariyxı» I tom kitabın jazg`anda mong`ollar da`wirine de analiz jasaydı.

A.Yu.Yakubovskiydin` mong`ollar da`wirindegi Xorezm, Orta Aziya jerlerine arnalg`an iri miynetinin` biri Maxmud Tarabiy basshılıg`ı 1238-jılg`ı Buxaradag`ı ko`teriliske arnalg`an izertlew jumısı Orta Aziyadag`ı mong`ollarg`a

qarsı bolg`an azatlıq ha`reketinin` jag`dayları barısı sebeplerine ken`nen toqtaydı. Bul 1338-jılg`ı ko`terilis mong`ol езиўшилигине qarsı bolg`an iri xalıq narazılıqlarının` biri Maxmud basshılıg`ındag`ı ko`terilisler Buxaranı iyelep onın` do`geregindegi awıllarg`a da tarag`an.

Juwmaqlap aytqanda A.Yu.Yakubovskiydin` «1238-jılg`ı Tarabiy ko`terilisi» miyneti Orta Aziya tariyxın u`yreniwge mong`ollar da`wiri boyınsha mag`lıwmat beredi.

A.Yu.Yakubovskiy Xorezm jerlerindegi mong`ollar da`wirindegi qala ma`deniyatı haqqındag`ı iri miynetlerinin` qatarına «U`rgensh qara baqanası», «Mizdaxкан qalashası», miynetleri u`lken orın iyeleydi. Mizdaxкан ha`m U`rgensh XIII-XIV a`sirlerde o`mir su`riw menen qatar o`z-ara ma`deniy ha`m ekonomikalıq jarıslardın` bolg`anlıg`ın aytadı.

Mong`ollar da`wirindegi Orta Aziya, Xorezm jerleri haqqında o`z pikirin aytqan izertlewshilerdin` qatarına moskvalı ilimpaz, ilimler akademiyasının` xabarshı ag`zası S.P.Tolstovtı atap o`tiw orınlı.

Juwmaqlap aytqanda Xorezm, Buxara ha`m Orta Aziyanın` mong`ollar da`wirindegi tariyxın u`yreniw boyınsha XIX-XX a`sirde ko`plegen ilmiy miynetler payda boldı. Bul maqala kitaplarda mong`ollar da`wirindegi Orta Aziya jerleri haqqında mag`lıwmatlar jıynalıp ha`r ta`repleme ilimiy analiz jasag`an. İzertlewshilerdin` arasında akademik V.V.Bartol`d ha`m İ.P.Petrushevskiylerdin` miynetlerin ayrıqsha ha`m jetekshi orında turadı. A.Yu.Yakubovskiy ha`m S.P.Tolstovlar mong`ollar da`wiri tariyxın argeologiyalıq mag`lıwmatlar negizinde jaqsı u`yrengen.

Biraq, Xorezm ha`m Orta Aziyanın` basqa da oblastlarının` mong`ollar da`wirindegi jag`dayın elede teren`irek u`yreniw g`a`rezsizlik jag`dayında mu`mkin bolıp otır. Burın totalitar du`zim da`wirinde Orta Aziya tariyxına Evropasha ko`z qarasta qaraw, u`stemlik etip kelgen edi. Bu`gingi ku`ni Ana jer Orta Aziya o`tmishin u`yreniwge mu`mkinshilik tuwdı. Orta Aziya tariyxın jan`a g`a`rezsizlik ko`z-qarasta u`yreniw ruwxıy ma`deniyattag`ı jetiskenliklerimizdi durıs bahalay biliwge mu`mkinshilik beredi.

**Qa`nigelik jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları:** temanı izertlewden negizgi maqset ilimiy a`debiyatlar ha`m tariyxıy da`liyllerge tayang`an halda XIII-XIV a`sirlerde **Orta Aziyadag`ı alım-salıq siyasatın** u`yreniw.

Bul siyasattın` ayanıshlı aqıbetlerinin` ashıp beriliwi jumıstın` maqseti bolıp esaplanadı.

Qoyılg`an maqsetke muwapıq to`mendegi wazıypalar da belgilendi:

- Orta Aziyanin` XIII-XIV a`sir qalaları boyınsha jazba derekler, izertlewlerge arnawlı sholıw jasaw;

- Mong`ollar shabılıwınan son`g`ı qalalardın` jag`dayı ha`m olardag`ı o`zgerislerge toqtaymız;

- **Orta Aziyadag`ı** alıp barılg`an **alım-salıq** siyasattın` o`zine say ta`replerin ha`m onın` faktorların ashıp beriw;

- Solay etip mong`ollar da`wirinde ju`rgizilgen awır salıqlar g`ana xalıqtı ezip qoymay, olardı o`ndiriw usılları da jawızlarsha boldı. Olardın` ta`g`diri haqqında mag`lıwmat beriw;

- Arnawlı, bul zamandag`ı Orta Aziyadag`ı **alım-salıq** siyasattına, atap aytqanda unamsız aqıbetlerin ilimiy jaqtan analizlew;

**Jumıstın` ilimiy metodologiyalıq tiykarları:** Pitkeriw qanigelik jumısımızda tariyxıy waqıyalar talqını milliy ha`m ulıwmainsaniy qadriyatlar talapları negizinde bayan etildi. Jumıstı jazıwda mashqalag`a tsivilizatsion usılda jantasıldı. İnsan huqıqları ha`m erkinliklerine kepillik beriwshi xalıq aralıq hu`jjetler O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası, hu`kimet nızamları, O`zbekstan Respublikası Prezidenti pa`rmanları izertlewge tiykar qılıp alındı. XIII-XIV a`sirlerde Orta Aziya a`hmiyeti ha`mde tariyxtı jarıtıwg`a qaratılg`an O`zbekstan Respublikası Prezidenti İ.Karimovtın` shıg`armaları ha`m respublika a`njumanlarında so`ylegen bayanatları jumıstın` ilimiy-metodologiyalıq negizin quraydı.

**Jumıstın` ilimiy jan`alıg`ı:** Erisilgen ilimiy jan`alıqlar to`mendegilerde ko`rsetiledi:

**-** Derekler, arxeologiyalıq a`debiyatlar negizinde Orta Aziyadag`ı **alım-salıq** siyasatın, atap aytqanda unamsız aqıbetlerin jag`dayın u`yreniw;

- Mong`ol xanları da`wirindegi xalıqtan alınatug`ın alım-salıqlardın` qanday tu`rleri bolg`anın jazba dereklerdi salıstırıp u`yreniw jolı menen tiklew;

- Ko`shpeli mong`ollar da`wirinde Orta Aziya jerlerinde sotsial-ekonomikalıq turmısın u`yrenip shıg`ıw;

- Mong`ol xanları da`wirindegi xalıqtan alınatug`ın alım-salıqlardın` unamsız aqıbetleri ko`rsetildi.

**Jumıstın` ilimiy-a`meliy a`hmiyeti:** İzertlewde tan`lap alıng`an da`wirdegi tariyxıy waqıyalardı faktli materiallar negizinde ashıp beriliwi sonday-aq jumısta bayan etilgen faktler, pikirler, ilimiy juwmaqlar jan`a a`wlad sanasında mong`ollar da`wiri menen baylanıslı tariyxıy jarayanlardı tuwrı sa`wlelendiriwde, g`a`rezsizlik ideologiyasın bekkemlewde, berilgen imkaniyattan o`nimli paydalanıwda xızmet qıladı.

Milliy qadriyatlar qayta tiklenip atırg`an ha`zirgi ku`nde O`zbekstan tariyxına tiyisli sabaqlarda materiallar ha`m ilimiy juwmaqlardan paydalanıw mu`mkin.

**Pitkeriw qanigelik jumısının` du`zilisi.** Jumıs kirisiw, u`sh bap, juwmaqlaw, paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi ha`m qosımshalardan ibarat.

Qa`nigelik jumısımız kirisiw, tiykarg`ı ha`m juwmaqlaw bo`limlerinen ibarat.

Tiykarg`ı bo`lim qa`nigelik jumısının` o`z maqset ha`m waziypalarınan kelip shıqqan halda u`sh baptan ibarat bolıp: 1-bap «XIII-XIV a`a`. Orta Aziya jerleri tariyxın izertlew», 2-bap «XIII-XIV a`a`. Orta Aziya jag`dayı, mong`ol eziwshiligi aqıbeti» ha`m 3-bap «Orta Aziyadag`ı salıq tu`rleri» o`zgeshelikleri ashıp beriledi ha`m bul qa`nigelik jumısın jazıwda ko`p sanlı a`debiyatlardan paydalanılg`an ha`m su`wretler menen tolıqtırılg`an.

## I-bap. XIII-XIV a`a`. Orta Aziya jerleri tariyxın izertlew

### 1.1. Jazba derekler

XIII a`sirdin` I sheregi Orta Aziya Xorezm jerleri Shıng`ısxan basshılıg`ındag`ı mong`ol basqınshıları ta`repinen basıp alındı. Mong`ollar da`wiri Orta Aziya tariyxında az izertlenilgen ma`selelerdin` biri. Shıng`ısxan a`skerleri ta`repinen Orta Aziya jerleri basıp alındı ha`m ko`rilmegen da`rejedegi bu`ldiriw, adamlardı o`ltiriw, tonaw, o`rtew, qurılıslardı qıyratıw, ulıwma qorqıtıw jolı menen o`z u`stemligin ornatıwg`a bag`darladı. Bul Orta Aziya Maverenaxr Xorezm jerlerinin` o`ndiris ku`shlerine u`lken zıyanların tiygizgen. Ko`plegen qalalardın` rawajlanıwı waqıtsha ha`m birotala toqtadı.

Jasalma suwg`arıw usıllarına engizilgen egislik maydanları bu`lindi, awıl-xojalıq o`nimlerin jetilistiriw to`menledi. Jazba dereklerde ha`m arxeologiyalıq izertlewlerde Orta Aziya u`lkelerinin` shetki jerleri bolg`an on` jag`adag`ı Xorezm (Qabat qala, Berkut qala oazisleri), Tu`slik Orta Aziyadag`ı Degistan qalaları, qaytadan tiklenbedi. Bunday awhal Orta Aziyanın` shıg`ısında jaylasqan Jetisuw qalalarına da ta`n[1].

Biraq usınday bu`lginshiliklerge qaramastan Orta Aziya jerlerinde o`mir birotala toqtap qalmadı, mong`ollardın` joqarg`ı qatlamdag`ı aq su`yekleri o`ndiris ku`shlerin qayta tiklewge qızıqtı. Bul olarg`a salıq ha`m alımlar tu`rindegi ko`p payda a`keletug`ın edi[2]. Mong`ollar da`wiri haqqında ko`plegen shıg`ıs ha`m batıs jazba dereklerde mag`lıwmatlar saqlang`an. Juwmag`ında Orta Aziya xalıqlarının` miyneti na`tiyjesinde bu`lginshilikler saplastırıldı: XIII a`sirdin` 50-jılları-aq Xorezm jerlerinde qalalar tiklenip jan`a o`nermentshilik orayları payda boldı. Bug`an ta`biyg`ıy geografiyalıq jag`daylarda o`z ta`sirine tiygizgen Jayhun da`r`ya boyları Orta Aziya boylarınan a`yyemgi da`wirden-aq sawda jolları o`tip, Orta Aziyanı shıg`ıs Evropa menen baylanıstıratug`ın edi. XIII a`sirdin` ortasında Orta Aziya qalalarında ekonomikalıq ha`m ma`deniy turmıstın` qayta tiklengenligin

---

[1] Байпаков К.М.Средневековая городская культура Южного Казахстана и Семиречья в VI начало XVIII в. АДД. М., 1985, 26-27 с.

[2] Қыдырниязов М-Ш. Алтын Орда дәўириндеги түслик Арал бойы мәденияты. Нөкис. 1993, 5-бет.

jazba eskertkishler ha`m tabılg`an ten`ge materiallarda tastıyıqlaydı. Batıs Evropalı Rim papası İnnokentiy IV elshisi monax Plano Karlini, ag`ayınlı Polalar XIII a`sirdin` 40-60 jıllarında Altın Orda ha`m Xorezm territoriyasında bolg`anında Organso atı menen Xorezm qalası U`rgenshtin` o`mir su`rgenligin aytadı[1].

Olardan mag`lıwmatlardın` frantsuz koroli Lyudvik IX elshisi Andre De Landjyulyu, italiyalı Djavanni Marshevalo Altın Orda Orta Aziya boyı arqalı mong`ollarg`a jasag`an sayaxatı waqıtında eske tu`sirgenligin tastıyıqlaydı. Orta Aziya qalalarınan biri Djend (Djankent) qalasın XIII a`sirdin` II yarımında Orta Aziyanı ilimpaz Jamal Karshı aytıp ketedi. Bul waqıtlardag`ı Djend, mong`ollar bu`lginshiliginen zıyaн ko`rsede – «sawdagerler ko`plep keletug`ın bazarı bar, paydalı» orın bolg`an[2].

XIII-XIV a`sirlerde Orta Aziya, Xorezm jerleri jo`ninde tariyxıy derekler ko`p emes. Siyasiy mazmundag`ı mag`lıwmattı biz arab-parsı ha`m Orta Aziya feodal istoriografiyalıq xarakterdegi a`debiyatlarda ushıratamız.

Altın Orda, Xorezm jo`nindegi tolıg`ıraq mag`lıwmat qaldırılg`an avtorlardın` biri – İbn Battuta. Onın` «Sayaxat» dep atalg`an tariyxıy miynetinde Xorezm qalasının` ma`deniyatı jo`ninde derekler bar. XIV a`sirdin` 40-jıllarında U`rgensh ekonomikalıq ha`m ko`teriliw jag`dayında bolg`an. «…bul a`hmiyetli bazarlar ken` ko`sheler, ayrıqsha sulıwlıqqa iye ko`p sanlı qu`rılıslar bar» deydi[3].

Sayaxatshı qaladag`ı ayrıqsha ma`deniyat orınları iretinde Qutlıq Temur medresesin, Tyurabek-Xanım meshiti, xanoqası, qala sırtındag`ı Nadjimatdin-Qubra, Jamaladdin-As-Samarqandi ha`m Abl Qasım Al Zamaxshari arxitekturalıq qurılısların aytıp ketedi[4].

A`lbette, İbn Battuta o`z zamanının` kemshiliklerin sın ko`z benen ko`re aladı. Onın` baqlawlarında Altın Orda saltanatın iyelewshiler turmısı sa`wlelenip, a`piwayı qala adamlarının` turmısı dıqqattan sırtta qaldı. Biraq, bul jag`day sayaxatta baqlawlarının` Altın Orda ma`deniyatın u`yreniwden rolin kemitpeydi.

---

[1] Қыдырниязов М-Ш. Хорезмниң орта әсир археологиясы бойынша жазба дереклер ҳәм изертлеўлер. Н. 1995, 51-52 б.
[2] Толстов С.Д. По древним дельтам Окса и Яксарта, М. 1963, 171 б.
[3] Ибрагимов Ю. Ибн Баттута, М., 1988, 26 с.
[4] Бул да сода, 27-28-бетлер.

XIV-XV a`sirdegi tariyxshılardın` ishinde Temurdın` xatkeri İbn Arab shax mag`lıwmatları Orta Aziya, Aral boyı jerlerinin` ma`deniy, ekonomikalıq jag`dayın u`yreniwde ayrıqsha orın tutadı. Arab shax o`zinin` Samarqand, Xorezm ha`m tag`ı basqa jerlerdegi ta`sirlerin «Temur ta`g`dirindegi a`jayıp waqıyalar» (Ajayb, al maqdur fi axbari Timura) atlı miynetinde jazıp qaldırg`an[1]. Bul shıg`armada qala turmısı sawda-ekonomika tarawları ha`m ma`deniyat jag`dayı haqqında mag`lıwmat alıw mu`mkin. İbn Arabshaxta U`rgensh (Xorezm) XIV a`sirdin` II yarımında «… u`lken oblast` qalalardın` biri» ondag`ı bay bazarlar ko`plegen sawda ka`rwanların o`zine tartqan.

Avtor Temur shabılıwlarınan keyin Xorezm Orta Aziya elatının` siyasiy ekonomikalıq jag`dayının`, a`dewir to`menlengenligin aytıp bılay dedi: «u`sh ay dawamında Xorezmnen shıqqan sawda ka`rwanları qa`wip-qa`tersiz Qırımg`a deyingi aralıqtı arbada baradı… ha`zirleri Xorezmnen Qırımg`a deyingi jolda… ga`zeller ma`kanı dalalıqqa aynalg`an[2].

Orta Aziya, Xorezm elatları ma`deniyatı jo`ninde konkret jazg`an mag`lıwmatlardı «basqa arqalı» jetkerilgen derekler menen tolıqtırıwımızg`a boladı. Bular XIV-XV a`sirde du`zilgen entsiklopediyalar menen spravochnik xarakterindegi a`debiyatlardı du`zgen avtorlar. Solardın` biri Shixobatdin Fazlallax al Omari. Onın` «Du`n`ya elleri boylap sholıwları» miyneti arab geografiyalıq-tariyxıy shıg`armalarının` biri. Al Omari miynetinde Altın Orda da`wirindegi Xorezmnin` eginshiligi, sawda ha`m geografiyası, aqsha qatnası haqqında mag`lıwmat alıwg`a boladı.

Xorezm qalaları ha`m ma`deniyat jo`nindegi azlı-ko`pli mag`lıwmatlar basqa da arab tilles avtorlar kitaplarında ushırasadı. Olardın` arasında Al-Birdali, An-Nuveyri, İbn-Xaldun atap o`tiw orınlı[3].

Xorezm, Orta Aziya ha`m Shıg`ıstın` ıqlımları jo`nindegi dereklerdi son`g`ı da`wirde jasag`an kompilyativ xarakterindegi a`debiyatlarda ushıratamız. Solardın` biri al Bakuvidin (XIV-XV a`.) «Du`n`ya estelikleri ha`m қалалары haqqında

---

[1] Ибн Арабшах. Темур тарийхы. Ташкент, 1932, т. I-II.
[2] Қыдырниязов М-Ш. Хорезмниң орта әсир археологиясы, 53-бет.
[3] Булда сонда, 53-бет.

kitap» shıg`arması. Shıg`arma tek g`ana geografiyalıq xarakterde mag`lıwmat berip qoymay, Xorezmnin` qalaları ha`m xojalıg`ı jo`ninde derekler beredi.

Xorezm ha`m Arab boylarındag`ı siyasiy-ekonomikalıq ma`deniy jag`daylar haqqında Temur da`wirinin` tariyxshıları Nizamatdin Shami, Sherafaddin al-Yezdi Abdurazaq-Samarqandi jazıp qaldırg`an.

## 1.2. İzertlew tariyxı

Mong`ollar da`wirindegi tariyxtı izertlew akademik V.V.Bartol`dtın` tiykarg`ı ma`selelerinin` biri. Akademik V.V.Bartol`d XIX a`sirdin` aqırı XX a`sirdin` basında jasag`an ko`rnekli rus shıg`ıstanıwshısı ha`m tariyxshısı. Onın` «Orta Aziya mong`ol shabılıwları da`wirinde» Orta Aziyanın` ma`deniy turmısı, tariyxı ha`m tag`ıda basqa ilimiy jumıslarında ha`m Orta Aziya jerlerinin` ko`p a`sirlik tariyxın u`yrenip mong`ollar da`wirinde ken`nen baha beredi.

V.V.Bartol`dtın` «Orta Aziya mong`ollar shabılıw da`wirindegi» miynetinde «mong`ollar ha`m tu`rkler, mong`ollar ha`m qara qıtaylılar, xorezmshaxlar ha`m shıng`ısxanlılar» degen bo`liminde mong`ollar menen Orta Aziya jerleri arasındag`ı baylanıslar, qatnaslar ha`m de ma`deniy turmıstın` rawajlanıwına toqtaladı.

Akademik V.V.Bartol`d Orta Aziya jerlerinin` atap aytqanda xorezmshax ma`mleketinin` mong`ollar ta`repinen basıp alınıwın ilmiy negizde birinshiler qatarında baha beredi. V.V.Bartol`d «Orta Aziyag`a mong`ollardın` ju`risi, xorezmshax sultanı Muxammedtin` orınsız ha`reketleri sebepshisi boladı» degen pikirdi aytadı[1]. Bunda avtor 1218-jıldag`ı «Otırar katastrofasın» ko`zde tutadı. Bul jılı Xorezmshaxtın` shıg`armasındag`ı shegara qorg`anlarının` biri Otırar da Shıng`ısxannın` 500 tu`yeden turg`an ka`rwan tonalg`an edi. Bul waqıya Shıng`ısxannın` batısqa ju`risin tezletkeni anıq ma`sele. V.V.Bartol`dtın` miynetindegi esapqa alınbag`an ma`selelerdin` biri mong`ollar ju`risi waqtındag`ı bu`lginshiligi ekonomikalıq ha`m ma`deniy krizsiti jaqsı bahalay bilgen.

V.V.Bartol`d a`sirese arab Persiya avtorı İbn al Asir, Ata Melk At Djubeyni (XIII a`sir) Rashidadtin` (XIV a`.) ha`m basqa mong`ollardın` bu`lginshilikleri

[1] Бартольд В.В. Туркестан в эпоху монгольского нашествия. Т. I. стр. 472-473

haqqındag`ı mag`lıwmatlardan joqarı bahalay bilgenligi. Sonın` ushın da V.V.Bartol`dın` ayırım pikirleri sovet – tariyx iliminde kritikalanıp kelindi[1]. Son`g`ı waqıtları sovet tariyxshıları İ.M.Mayskiy, M.P.Petrushevskiy, S.A.Tixvinskiyler mong`ollardın` bizin` elimiz territoriyasına basıp kiriwi onın` du`n`yanı iyelew ushın bolg`an siyasatının` bir bo`legi retinde qaraydı. Akademik M.P.Petrushevskiy Shıng`ısxan planları tek g`ana Orta Aziyanı tolıq bag`ındırıp alıw g`ana emes: bul ju`ris Batıs ha`m Shıg`ıs Evropanı basıp alıwdın` aldı g`ana edi usı maqsette Shıng`ısxan ele qolg`a kirgizilmegen A`miwda`r`ya ha`m Aral ten`izi boyları, İrtegistin` shıg`ısındag`ı jerlerdi o`zinin` balası Jochi ha`m onın` a`wladlarına u`les etip beredi degen pikirde.

Orta Aziya jerlerinin` mong`ollar da`wirindegi tariyxın izertlew ayrım sovetlik du`zim da`wirinin` shıg`armalarında orın alg`an. Akademik İ.M.Mayskiy, professor İ.Ya.Merfet, V.T.Pashuto, L.V.Cherepnin ha`m tag`ı basqalar o`z shıg`armalarında Shıng`ısxan da`wirinin` zulımlıqların ashıp ko`rsetti.

XX a`sirdegi Evraziya tariyxın izertlewshilerdin` qatarında mong`ollar da`wirindegi Orta Aziya jerlerinin` tariyxın u`yreniwge o`z u`lesin qosqan ko`rnekli ilimpazlarının` biri İ.P.Petrushovskiy bolıp esaplanadı. Avtor «1219-1824 jıllardag`ı mong`ol a`skerlerinin` Orta Aziyag`a ju`risi ha`m onın` aqıbetleri» degen maqalasında, «XIII-XIV a`sirdegi İrandag`ı eginshilik ha`m agrar qatnasları» atlı kitabında Orta Aziya jerlerindegi mong`ollar da`wirindegi tariyxıy jag`dayı u`yrenilgen. İ.P.Petrushevskiydin` «1219-1924 j.j. mong`ol a`skerlerinin` Orta Aziyag`a ju`risi ha`m onın` aqıbetleri» atlı miyneti ju`da` bahalı, bul ko`lemli maqala birinshi ret 1970-jılı «Tataro-mong`olı v Azii, v Evrope» degen atlı arnawlı kitap jıynaqta basılıp shıqtı. Maqala «Jazba derekler ha`m izertlewler, «XIII a`sirdin` basındag`ı Xorezmshaxlar ma`mleketi», «Xorezmshax ha`m Shıng`ısxan», «Urıstın` sebepshisi kim boldı?» urıstın` sebepleri ha`m mong`ollardın` a`skeriy jen`isleri Orta Aziya jerlerin mong`ollardan basıp alıw barısı h.t.b. da bo`limlerden turadı.

[1] Татаро-монголы в Азии и в Европе. М. 1977, стр. 3-8.

M.P.Petrushevskiy bul maqalasında Orta Aziya jerlerindegi tariyxıy jag`daylarg`a toqtap Xorezmshax ha`m Shıng`ısxan ortasındag`ı daw ja`njellerdin` urıstı keltirip shıg`arıw sebeplerin u`yrenedi ha`m teren` analiz jasaydı.

Orta Aziya – jerlerin mong`ollar da`wirindegi tariyxın izertlegen belgili ilimpazlardın` biri A.Yu.Yakubovskiy bolıp esaplanadı. A.Yu.Yakubovskiy mong`ollar ma`mleketinin` biri, Altın Orda tariyxın izertlewshi ilimpaz, biraq A.Yu.Yakubovskiy Orta Aziya xalıqları tariyxın izertlewshi retinde ken`nen ma`lim. Orta Aziya belgili jeri O`zbekstan tarixı menen mong`ollar da`wiri boyınsha da o`z pikirin aytqan ilimpaz esaplanadı. A.Yu.Yakubovskiy «O`zbekstan xalıqları tariyxı» I tomında, «O`zbekstan SSSR tariyxı» I tom kitabınan jazg`anda mong`ollar da`wirine de analiz jasaydı.

A.Yu.Yakubovskiydin` mong`ollar da`wirindegi Xorezm, Orta Aziya jerlerine arnalg`an iri miynetinin` biri Maxmud Tarabiy basshılıg`ı 1238-jılg`ı Buxaradag`ı ko`teriliske arnalg`an izertlew jumısı Orta Aziyadag`ı mong`ollarg`a qarsı bolg`an azatlıq ha`reketinin` jag`dayları barısı sebeplerine ken`nen toqtaydı. Bul 1338-jılg`ı ko`terilis mong`ol езиўшилигине qarsı bolg`an iri xalıq narazılıqlarının` biri Maxmud basshılıg`ındag`ı ko`terilisler Buxaranı iyelep onın` do`geregindegi awıllarg`a da tarag`an.

Juwmaqlap aytqanda A.Yu.Yakubovskiydin` «1238-jılg`ı Tarabiy ko`terilisi» miyneti Orta Aziya tariyxın u`yreniwge mong`ollar da`wiri boyınsha mag`lıwmat beredi.

A.Yu.Yakubovskiy Xorezm jerlerindegi mong`ollar da`wirindegi qala ma`deniyatı haqqındag`ı iri miynetlerinin` qatarına «U`rgensh qara baqanası», «Mizdaxkaн qalashası», miynetleri u`lken orın iyeleydi. Mizdaxkaн ha`m U`rgensh XIII-XIV a`sirlerde o`mir su`riw menen qatar o`z-ara ma`deniy ha`m ekonomikalıq jarıslardın` bolg`anlıg`ın aytadı.

Mong`ollar da`wirindegi Orta Aziya, Xorezm jerleri haqqında o`z pikirin aytqan izertlewshilerdin` qatarına moskvalı ilimpaz, ilimler akademiyasının` xabarshı ag`zası S.P.Tolstovtı atap o`tiw orınlı.

İlimpaz o`z kitaplarında mong`ollar da`wirine deyingi Aral boyı, Xorezm oazisimdegi siyasiy-ekonomikalıq ko`teriliwge joqarı baha berip, tatar-mong`ol basqıshlarının` urıslarınan keyin, apatshılıq ha`m ma`deniy to`menlewshiliktin` bolg`anın ko`rsetedi. S.P.Tolstov Altın Orda da`wirinde shep jag`adag`ı A`miwda`r`ya boylarında jan`a qala ma`deniyatı ha`m eginshiliktin` qaytadan ko`teriliwi sebeplerin ko`rsetken. Avtor bul ma`deniy ko`teriliwdi bılay xarakterleydi: «bul ma`mlekettin` basshıları Xorezm ma`deniy traditsiyaların o`z ma`pleri ushın paydalanıwg`a qızıqtı. Volga boyındag`ı Orda xalalarının` paytaxtı jan`a qalalardı qurıw kerek boldı, tonawshılıq urıslarında bayıg`an orda feodallarına ku`ndelikli tovarlardı bay bezew zatların o`ndiriwdi sho`lkemlestiriw kerek boldı. A`sirese olarg`a da`n ha`m miywe ha`m basqada eginshilik o`nimleri kerek boldı[1]. S.P.Tolstovtın` tikkeley ko`rsetpesi menen Aral boylarının` orta a`sirdegi durdana estelikleri Shemaxa qala, Go`ne U`rgensh, Shax-Sanem, Shexrlik izertlendi.

Orta Aziya u`lkesinin` shet jerlerinin` biri esaplang`an Xorezm jerleri haqqındag`ı XIII-XIV a`sirlerge tiyisli mag`lıwmattı biz M-Sh.Qıdırniyazovtın` miynetleri menen tanısıw arqalıda bilemiz.

İlimpazdın` «Material`naya kul`tura gorodov Xorezma XIII-XIV vekov» (N. 1979), «Altın da`wirdegi Tu`slik Aral boyı ma`deniyatı» (N. 1995) h.t.b. miynetleri arqalı u`yreniwge boladı.

Juwmaqlap aytqanda Xorezm, Buxara ha`m Orta Aziyanın` mong`ollar da`wirindegi tariyxın u`yreniw boyınsha XIX-XX a`sirde ko`plegen ilmiy miynetler payda boldı. Bul maqala kitaplarda mong`ollar da`wirindegi Orta Aziya jerleri haqqında mag`lıwmatlar jıynalıp ha`r ta`repleme ilimiy analiz jasag`an. İzertlewshilerdin` arasında akademik V.V.Bartol`d ha`m İ.P.Petrushevskiylerdin` miynetlerin ayrıqsha ha`m jetekshi orında turadı. A.Yu.Yakubovskiy ha`m S.P.Tolstovlar mong`ollar da`wiri tariyxın argeologiyalıq mag`lıwmatlar negizinde jaqsı u`yrengen.

---

[1] Толстовтың бул пикирин биз М-Ш.Қыдырниязовтың «Алтын Орда дәўириндеги түслик Арал бойы мәденияты» деп аталған китабинан алдық. 9-б.

Biraq, Xorezm ha`m Orta Aziyanın` basqa da oblastlarının` mong`ollar da`wirindegi jag`dayın elede teren`irek u`yreniw g`a`rezsizlik jag`dayında mu`mkin bolıp otır. Burın totalitar du`zim da`wirinde Orta Aziya tariyxına Evropasha ko`z qarasta qaraw, u`stemlik etip kelgen edi. Bu`gingi ku`ni Ana jer Orta Aziya o`tmishin u`yreniwge mu`mkinshilik tuwdı. Orta Aziya tariyxın jan`a g`a`rezsizlik ko`z-qarasta u`yreniw ruwxıy ma`deniyattag`ı jetiskenliklerimizdi durıs bahalay biliwge mu`mkinshilik beredi.

## II-bap. XIII-XIV a`a`. Orta Aziya jag`dayı, mong`ol eziwshiligi aqıbeti

### 2.1. XIII a`sir baslarında Xorezmshahlar ma`mleketinde ja`miyetlik-siyasiy jag`day

**XII a`sirdin` aqırı – XIII a`sirdin` basında** Mong`oliyada tatar, nayman, kereit, merkit h.b. (ulıwma 12 den aslam) qa`wimlerdin` birlespesi bolg`an feodallıq ma`mleket du`zildi. Qa`wimlerdi birlestirip, mong`ol ma`mleketin du`zgen Temuchin 1206-jıldan son` Shıng`ısxan atag`ın aldı. Mong`ol qa`wimlerinin` qurıltayında ma`mlekettin`, diniy ha`m ja`miyetlik turmıstın` huqıqıy qatnasıqların anıqlap bergen nızamlar jıynag`ı «Yasa» qabıl etildi. Shıng`ısxan onlıq, ju`zlik, mın`lıq ha`m tuman (on mın`lıq) sistemag`a birlestirildi. Tiykarg`ı armiyadan tısqarı Shıng`ısxannın` «keshik» dep atalg`an jeke la`shkerleri boldı. Biraq olar anda-sanda urısqa qosılg`anı menen, ko`pshilik payıtlarda ju`da` qa`wipli jag`daylar ushın saqlap turılg`an. Mong`ol qa`wimlerin birlestirip bolg`annan keyin 1209-j. Shıng`ısxan Qıtaydın` arqa-shıg`ısındag`ı Tan`g`ıt ma`mleketine ju`ris etti. Ol jerden baylıq topladı ha`m Arqa Qıtaydı jaqsı biletug`ın adamlardı alıp qaytadı.

1211-jılı Shıng`ısxan Arqa Qıtayg`a ju`risin basladı. Shıng`ısxannın` qasında balaları Joshi, Chag`atay, Oqtay ha`m Tuli, sonday-aq eki ataqlı sa`rkardası Jebe menen Subedey bahadır boldı. Shıng`ısxan Tsin` dinastiyasının` a`skerlerin qıyratıp, 1214-jılı ko`p baylıq toplap keyinge qaytadı. Ol 1215-j. Qıtayg`a ekinshi ma`rtebe atlanıs sho`lkemlestirdi. Bul atlanıs barısında Pekindi iyelep Tsin` dinastiyasın qulattı ha`m Arqa Qıtaydı mong`ol ma`mleketine qosıp aldı.

Bul atlanıslar payıtında ko`plegen baylıq arttırıw menen birge Qıtaylardın` joqarı a`skeriy texnikası menen tanıstı. Usi payıtta Xorezmshax Maverennaxrdı tolıq iyelep alıp, endi Qıtayg`a ju`ris etiw a`rmanında edi. Tez arada Shıng`ısxan 1215-jılı Pekindi alıptı degen xabar jetip keledi. Muxammed Xorezmshax bunı anıqlaw ushın Shıng`ısxang`a elshiler jiberedi. Shıng`ısxan elshilerdi Pekin qalasında jaqsı ku`tip aladı ha`m o`zin Shıg`ıstın` tolıq hu`kimdarı,

Muxammadshax batıstın` hu`kimdarı dep esaplawın Xorezmshaxqa jetkiziwdi o`tinish etedi.

Bunnan son` Xorezmnen Axmed Xujnakiy ha`m Axmad Balchich basshılıg`ında sawdagerler ka`rwanı jiberildi. Sawdagerler o`z tovarların arzan bahada satqan. Bug`an juwap retinde Shıng`ısxan Maxmud Yalavash basshılıg`ında sawdagerler ka`rwanın Xorezmge jiberedi. Muxammadshax elshilerdi Buxarada qabıl etken. Bunda Shıng`ısxan qudiretli Muxammadshax haqqında esitkeni, onın` menen sha`rtnama du`ziw niyetinde ekenin ha`m onı en` jaqsı perzentlerinen biri sıpatında hu`rmet qılatug`ının aytqan edi.

Bul siyasat tilinde Shıng`ısxan Xorezmshaxtı o`zine g`a`rezli dep biletug`ının an`lattı. O`zin ekinshi Iskender Zulqarnay, ekinshi Sultan Sanjar dep esaplawshı Muxammadshaxqa bul unamadı Muxammadshax tu`nde jasırın tu`rde Maxmud Yalavashtı o`zine shaqırıp, o`zine xızmet etiwdi usınıs etedi. Maxmud Yalavash onın` usınısına kelisim beredi ha`m elshiler qaytıwg`a ruxsat aladı. Biraq haqıyqatında ol Muxammadshaxqa emes, al Shıng`ısxang`a xızmet etedi. Xorezmshaxlar ma`mleketinin` a`skeriy ku`shleri, ma`mleket ishindegi siyasiy gu`resler, ekonomikalıq jag`dayı haqqında mag`lıwmatlar toplaydı ha`m onı Shıng`ısxang`a jetkeredi.

Shıng`ısxan Maverennaxr ju`risine Xorezmshaxqa qarsı urıslarg`a puxta tayarlıq ko`rdi. Ol Orta Aziya geografiyasın, ol jerde jasawshı xalıqlardın` ekonomikalıq ha`m siyasiy turmısın u`yreniw ushın sawda ka`rwanlarınan paydalandı. Bul ka`rwanlarg`a musılman sawdagerleri basshılıq etip barg`anlıqtan olar jergilikli xalıq penen tez til tabısıp, mong`ol hu`kimdarı ushın za`ru`r xabarlardı jetkerip berip otırg`an.

Shıng`ısxan Jalalatdinnin` anası Aychechek penen Turkanxatun ta`repdarları arasında uzaq waqıttan berli dawam etip kiyatırg`an dushpanlıqtan da xabardar edi. Shıng`ısxan 1218-j. 450 adam ha`m 500 tu`yeden ibarat u`lken sawda ha`m elshilik ka`rwanın jiberdi. Ko`plep baylıq ha`m sawg`a alıp kiyatirg`an bul ka`rwang`a musılman sawdagerler basshılıq etetug`ın edi. Ka`rwan Xorezm paytaxtı U`rgenshke, Xorezmshax paytaxtına jol alg`an edi. Biraq jolda Otırar

qalasında Xorezm a`skerleri ta`repinen toqtatıldı. Otırar qalasının` baslıg`ı Inalchik 1218-j. ka`rwandı talap, adamlardı qırıp taslaydı.

Shıng`ısxan Muxammedshaxqa Kifraj Bug`rani, o`zine isenimli 2 adam menen jiberedi. Ol ayıpkerlerdi jazalaw ha`m Inalchikti onın` ıqtiyarına beriwdi talap etedi. Xorezmshax bug`an juwap retinde elshini o`ltiriwdi ha`m eki joldasının` saqalın alıp keyinge qaytarıwg`a buyrıq beredi. Bunnan son` Shıng`ısxan menen Xorezmshaxlar arasında sawda ha`m diplomatiyalıq qatnasıqlar tolıq du`zildi. Shıng`ısxan a`skerleri 1219-j. Shıg`ıs Tu`rkistan ha`m Jetisuwdı iyelegennen son` Sirdar`ya boyları, Maverennaxr ha`m Xorezmge jol ashılg`an edi.

Muxammedshax a`skerleri qalalardı o`z aldına qorg`aw taktikasın qabıl etti. Ol, qıpshaq a`sker baslıqlarına isenbeytug`ın edi. 1219-j Shıng`ısxan a`skerleri Otırar qalasına ju`risin basladı. 1219-j. sentyabrinde qamal etilgen Otırar qalası altı ay qarsılıq ko`rsetti. Shıng`ısxannın` o`zi tiykarg`ı ku`shleri menen Buxarag`a jolg`a shıqtı. Mong`ollar da`slep Nur (Nurata ha`zirgi) qalasın basıp aldı. 1220-j. fevralında Buxaranı iyeledi. Mong`ollar Buxaranı talan-taraj etip, qalanı o`rtep jibergen. Samarqandqa Mong`ollar 1220-jıldın` mart ayında jetip keldi. Dereklerde ko`rsetiliwinshe qalanı qorg`awshılar 20-40 mın` adamnan ibarat bolg`an. Samarqandta atlı ha`m piyada a`skerlerden tısqarı 20 urısqa u`yretilgen pilde bolg`an. Turkanxatunnın` inisi Tog`ayxan qalanı qorg`awshılarg`a basshılıq etetug`in edi. Qalanı qorg`awshılar arasında birlik bolmadı.

Shıng`ısxan qala sırtındag`ı Ko`ksarayda turıp qamawdı dawam etti. Samarqand xalqı mong`ollarg`a qarsılıq ko`rsetti. Qalada 1000 g`a shamalas adam jasırıng`an juma meshiti otqa jag`ıp jiberilgen. Mong`ol atlanısınan aldın Samarqandta 400 mın` adam bolsa, atlanıstan keyin 100 mın` xalıq qalg`an. Usı waqıtları Joshi a`skerleri 7 ku`nlik qorshawdan son` Sıg`naq qalasın, keyin Uzgen, Jend qalaların basp aldı.

Temur Malik basshılıg`ındag`ı a`skerler Xodjent qalasın qaharmanlıq penen qorg`adı. Ol 70 qayıq tayarlatıp, urıs penen Sırdar`ya arqalı qorshawdı buzıp o`tedi ha`m U`rgensh qalasına keledi. 1221-jıl qıs aylarında Muxammedshaxtın` balaları Jalaladdin Ozlagshax ha`m Aqshax U`rgenshke qaytıp keledi. Jalaladdinnin` shax

etip tayınlang`anı ja`riya etiledi ha`m onı Temur Malik qollap-quwatlaydı. Qıpshaq sa`rkardaları Ozlagshax penen birge Jalaladdinge qarsı qastıyanlıq sho`lkemlestiredi. Bul qastıyanlıq ashılıp qalg`annan keyin Jalaladdin menen Temur Malik o`zinin` ta`repdarları menen Xorasang`a o`tip mong`ollarg`a qarsı gu` res alıp baradı.

1221 jıl qıs aylarında U`rgensh qamalı baslandı. Bes aylıq qorshawdan son` U`rgensh qalası mong`ollar ta`repinen basıp alındı. Mong`ollar qalanı suwg`a batırıp jiberdi. 1221j. Shıng`ısxan Balxtı, keyin Mervtı iyeledi. Jalaladdin Afganstan ha`m arqa Hindstanda mong`ollarg`a qarsı gu` res alıp bardı. Hind da`r`yasınan o`tiwde ma`rtlik ko`rsetti ha`m 1224j. shekem Hindstanda, keyin 7 jıl dawamında Kavkaz artında mong`ollarg`a qarsı gu`resti dawam ettirdi. Ol 1231 j. Kurdistan tawlarında jen`iske erise almastan o`lip ketedi. Ha`mmeden beter diyxanlar menen o`nermentlerge awır boldı. Mong`ollar «qalan» dep atalıwshı salıq boyınsha xirojdan tısqarı diyxanlar juda` koplegen minnetlik ha`m xızmetlerdi orınlawı tiyisli boldı.

1238-jılı Buxara xalqı qaladan u`sh farsax qashıqlıqlıqtag`ı Tarab awılında jasawshı o`nermentshi Maxmud Tarabiydi ataqlı ruwxaniy Shamsutdin Mahbubiy qollap quwatladı. Ko`terilisshiler Buxaranı iyeleydi. Sadrlar baslıg`ı Burxoniyddin Maxmudqa xalifalıq ha`kimiyatın berdi ha`m Shamsiddin Mahbubiydi sadr dep ja`riya etti.

Qashqan a`mirler ha`m baskaklar Karmanada qozg`alan`dı bastırıw orayın du`zdi. Sol jaqın a`tirapta mong`ollardı toplap u`lken la`shker menen Buxarag`a qaray ju`ris etti. Bolıp o`tken urısta Maxmud Tarabiy ta`repdarları jen`iske eristi. Mong`ollar Karmanag`a qashtı. Ko`terilisshiler Karamanada 10 mın` adamdı qırıp taslag`an. Bul jen`is Maxmud Tarabiy ha`m Shamsiddin Mahbubiydin` o`miri esabınan qolg`a kirgizildi. Usı waqıyadan keyin qozg`alan`shı ku`shler ha`lsiredi. Qozg`alan`g`a basshılıq etiw Maxmudtın` inileri Muxammad penen Alige tapsırıldı. Olar sho`lkemlestiriwshilik qa`biletke ha`m abıroyg`a iye bolmadı. Bir ha`pte o`tkennen keyin bolg`an urısta Maxmud Tarabiy ta`repdarları qıyratıldı, 20

mın` adam o`ledi. Mong`ollar bul ko`terilisten son` salıq siyasatın ta`rtiplestiriwge ma`jbu`r boldı.

1238-j Maxmud Yalavash ha`kimiyattan shetletilip Pekinge nayıp etip tayınlandı. Onın` ornına nayıp etip Maxmud Yalavashtın` balası Masudbek (1238-1289jj) tayınlandı. 1251-jılı Qaraqurım qalasında bolıp o`tken ulıwma mong`ol qurıltayında Tulixannın` tun`g`ısh balası Munkexan Mug`ulistannın` ullı xaqanı etip saylandı. Munkexan hu`kimdarlıq etken da`wirde Batiyxan menen Munkexan o`z-ara kelisip Chag`atay ulısın bo`lip aldı. Aradan ko`p waqıt o`tpey yag`nıy, XIII a`sirdin` 60-jıllarında Chag`ataydın` aqlıg`ı Alguxan Altın Ordag`a qarsı gu`res alıp barıp Chag`atay ulısın qayta tiklewge eristi. XIII a`sirdin` ekinshi yarımında oraylıq ha`kimiyattı bekkemlewge umtılg`an hu`kimdarlardan Mug`ulistannın` ullı xaqanı Munkexan ha`m Chag`atay ulısı nayıbı Masudbek boldı. Munkexannın` nızamlastırılg`an shara-ilajları sheklenbegen salıq ha`m jıynawlardı ta`rtipke salıp, xalıqtan o`z basımshalıq penen jıynap alınatug`ın salıqlardan azat etti, qala, ishki ha`m sırtqı sawdanın` rawajllanıwına imkaniyat jarattı.

1271-jılı Masudbek aqsha reformasın o`tkerdi. Bul reforma Maverannaxr qalalarının` ishki turmısın, a`sirese aqsha qatnasıqlarının` tikleniwinde u`lken a`hmiyetke iye boldı. XIII a`sirdin` ortalarınan baslap Chag`atay ulısı hu`kimdarları Maverannaxr qala ha`m awılların ta`rtipke keltiriw ha`m rawajlandırıw ushın ayırım ha`reketler islewine qaramastan, bul protsess jedellik penen a`melge aspadı. Mong`ollar basqınshılıg`ı na`tiyjesinde wayran etilgen o`nermentshilik ha`m sawda-satıq XIII a`sir baslarındag`ı da`rejege ko`terile almag`an edi.

1219-jılg`ı mong`ol jerlerinin` Orta Aziya jerlerine ju`risi mong`ollardın` basıp alıwshılıq urıslarında a`hmiyetli orındı tutadı. Sebebi ju`risler mong`ollar ta`repinen Batıs Aziya menen Shıg`ıs Evropa ellerin basıp alıwdın` da`slepki da`wiri bolıp esaplanadı.

Mong`ollar birinshi ret toplag`an Orta Aziyadag`ı Xorezm shaxlar ma`mleketi ko`p jerlerdi biriktirgen bolıp, ha`zirgi Afg`anistan, İran, Sırda`r`ya

boyları, Mang`ıshlaq jerlerin qamtıydı. Bul elde ko`p xalıqlar jasap, olarda suwg`arıp egiletug`ın jerler boldı.

XII a`sirden baslap Xorezm ha`m paytaxtı Gurgandchi (U`rgensh) ekonomikalıq jaqtan ku`sheyip, sawda jolları o`tti. Xorezmshaxlar ma`mleketinde ko`shpeliler menen otırıqshı, jer menen shug`ıllanıwshılıq xalıq ortasında qarama-qarsılıqlar bolıp turdı. Xorezmshaxlar ma`mleketinde diyxanlar menen qala adamlarının` awır salıqlarg`a qarsı narazılıg`ı ku`sheygen. Miynetkesh xalıqtı tyurk ko`shpelilerinen shıqqan a`skeriy-feodallıq ha`kimler zorlıq, ku`sh ko`rsetiw menen qısım jasap otırdı.

Xorezmshax Muxammeddin anası Turxan xatun, tyurklerdin` qanlı urıwınan shıg`ıp, tyurk a`skeriy basshıların qolladı.

Xorezmshaxlar ma`leketi o`z-ara feodallıq ja`njeller na`tiyjesinde ku`shli ha`lsiregen feodallıq bo`lekleniw jag`dayında Sultan Muxammed Xorezmshax oraylastırıw siyasatın alıp barıwg`a urındı. Ol o`zinin` вassalлары bolg`an, jergilikli feodallardın` ko`pshiligin mong`ollardın` keler aldında Gurganjda qamaqta uslag`an. Onın` bul siyasatı jergilikli feodallardın` narazılıg`ın keltirip shıg`ardı.

İslam (musılman) ruxaniylardın` ayırımları Xorezmshaxlardan Bagdad xaliyfi Abbasid Nasir urısların qollamag`an. Xalıq massasının` narazılıg`ı ko`terilislerdi keltirip shıg`arg`an.

Solay etip, Xorezmshaxlar ma`mleketi mong`ollar shabıwı aldında sırttan qarag`anda g`ana ku`shli bolıp, ishki qarama-qarsılıqlar na`tiyjesinde ha`lsiz edi.

## 2.2. Orta Aziyag`a mongollardın` basıp kiriwi

Orta Aziya qalaların mong`ollardın` basıp alıwı 1218-jılı Otırar ja`njelinen keyin-aq ko`p uzamay baslandı. Otırarda Shıng`ısxannın` u`lken sawda ka`rwanı tonaldı, sawdagerler o`ltirildi. Sebebi, bul sawda ka`rwanının` quramında Shıng`ısxannın` tınshıları da bolg`an. Mısalıg`a, al-Nesavivin aytıwınsha ka`rwandag`ı «ayırım adamlar» Otırarda jasawshılardı «kiyatırg`an opat», yaki Mong`ollar shabılıwı menen qorqıtqan[1].

[1] Бартольд В.В. Туркистан в эпоху Монгольского нашествия соч. Т. I. 4-стр.

Bul ta`sil Shıng`ısxan ta`repinen urıs aldında adamlardın` qarsılıg`ın ha`lsiretiw, qorqınısh tuwdırıw maqsetinde paydalanıladı. Mong`ollar basıp keledi degen ga`pler adamlarda u`lken qa`wipten qorg`awdı payda etken ha`m ko`p adamlar Orta Aziya jerlerinen sırt jerlerge qashıp ketken. Bunday oydırma ga`plerdi Shıng`ısxannan jasırıp agentleri Orta Aziya jerlerine taratqan. Otırar xalqında joqarıdag`ıday suwıq ga`plerdi jasırın shpionlar taratqan. Sonın` ushın da Otırarg`a kelgen sawda ka`rwanın ayıplap qırıp taslaw orınsız is bolmag`an. Usı Otırar «ja`njelin» sıltaw etip Shıng`ısxan Orta Aziya jerlerine o`z topılısların basladı.

A`lbette, bul waqıya bolmag`anda da Shıng`ısxan Orta Aziyadag`ı Xorezmshaxlar ma`mleketine topılıs jasaytug`ın edi. Bunı tatar-mong`ol a`skerlerinin` Orta Aziya, İran, Kavkaz, Rus`, Batıs Evropag`a bolg`an ju`risleri ayqın da`lil etip ko`rsetedi. Al, Otırar «ja`njeli» - Shıng`ısxannın` Orta Aziya topılısın tezletti.

Shıng`ısxan a`skerleri Orta Aziya jerlerine 1219- jıldın` ba`ha`rinde basıp kire basladı. Bug`an deyin Shıng`ısxan Xorezmshaxlar ma`mleketine tiyisli jerlerge sıylıqlar, elshiler jiberip o`zine bag`ındırmaqshı boldı. Biraq bul hiyle o`tpegennen keyin, Shıng`ısxan Orta Aziya qalaların izli-izinen basıp aldı.

Orta Aziya jerlerine basıp kirer aldında Shıng`ısxan 1219-jıldın` ba`ha`rinde naymanlardın` Kutlukxan basqarg`an ma`mleketin o`zine qosıp aldı. Naymanlar ma`mleketi Orta Aziya jerleri menen shegaralasıp, onı alg`annan keyin Xorezmshaxlar ma`mleketine tikkeley jol ashıldı.

Orta Aziya qalaların Shıng`ısxan basıp alıw ushın bir neshe bag`darda o`z a`skerlerin jiberdi. 1219-jılı sentyabr`de Shıng`ısxan balaları Shag`atay ha`m Ugadey a`skerleri Otırar qalasına qamal jasadı. Djuchi basshılıg`ındag`ı basqa bir otryad to`mengi Sırda`r`ya ag`ısındag`ı qalalardı basıp alıwg`a kiristi. Alaq Koyop basshılıg`ındag`ı u`shinshi otryad Joqarg`ı Sırda`r`ya boylarındag`ı qalalardı qosıp ala baslag`an.

Otırar qalasına qamal jasaw bes ayg`a sozıldı. Qalanın` komendantı Gairxan bar a`skerlerinin` ku`shi menen qalanı qorg`awg`a ha`reket etti. Otırar 1220-jılı

fevral` ayında mong`ollar ta`repinen basıp alındı. Djuchi basshılıg`ındag`ı mong`ol otryadları 1219-1220 jj. qıs aylarında to`mengi Sırda`r`ya boyındag`ı xalıqlardı izli-izinen basıp ala basladı.

Usı waqıtlardın` ishinde Sıg`man, Uzgeid ha`m Barchıwlıkent uqsag`an qalalardı mong`ollar iyeledi. Anasan qalasın qarapuqara adamlar qorg`ap turdı, biraq mong`ollar iyeledi. Djend qalası Xorezmshax a`skerleri ta`repinen taslap ketilgen. Sonın` ushın da bul qaladag`ı adamlardın` az sanı g`ana o`ltirilgen.

1219-1220 jj. qısında Shıng`ısxan kishi balası Tulu menen Otırardan Qızıl qum arqalı Buxarag`a qarap jılıstı. 1220-jıldın` fevral` ayında Buxara qalasın mong`ollar qamal ete basladı. Qaladag`ı Xorezmshax qaldırg`an a`skeriy gornizon qalanı tez taslap qashıp Xorezmshaxqa qosılg`an. Qalada qalg`an musılman ruxanıyları qala da`rwazasın mong`ollarg`a ashıp bergen.

Otırar waqıyasınan keyin 1219-jıldan baslap Mong`ol a`skeleri Xorezm shaxlar ma`mleketinin` territoriyasına basıp kirdi. 1219-jıl gu`zinde Mong`ollar Otırardı, 1220-jıl fevral`da Buxaranı, aprel`de Samarqandtı iyeledi. Ma`mleket paytaxtı U`rgensh qalası altı ayg`a sozılg`an awır qamaldan son` 1221-jıl jazında Mong`ollar ta`repinen qıyratıldı. Arab tariyxshısı İbn-Al-Asir) mag`lıwmatı boyınsha «U`rgenshti qorg`awshılar ten`i-tayı joq qarsılıq ko`rsetken». Erkekler, hayallar ha`m balalar tınımsız urıstı, son`ınan Mong`ollar qalası qorg`an qapını ashıp jiberip suwg`a aldırıp, keyin g`ana qalanı birotala iyelep, aman qalg`anlardı da o`ltirdi – degen mag`lıwmat beredi. U`rgenshke kelip tıg`ılg`an Xorezm oazisi xalıqlarının` erligi Xorezmshaxlardın` son`g`ı wa`kili Djalaladdin Manguberdinin` xatkeri Shixabaddin Muxammed-al-Nesevi jazıp qadırg`an: Djochixan Xorezmge (U`rgensh) bar ku`shin toplap kelip, onın` kvartalların birinen son` birin ala basladı. Ol bir kvartaldı alg`anda adamlar basqasına barıp urıstı, o`zlerin ha`m sem`yasın qattı qorg`adı Son`ınan tatarlar (mong`ollar) olardı qılısh, nayza, ha`m oqjay oqlarına tutıp, o`lim du`n`yasına jiberdi dep jazadı (an Nasavi. Sirat as-sultan Djajeladdin kitabında).

Arxeologiyalıq qazıwlardan tabılg`an materiallar mong`ollar da`wrine tiyisli jazba eskertkishler bul dereklerdi tastıyıqlaydı. 1952-jılı S.P.Tolstov

basshılıg`ındag`ı Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyasına Go`ne-U`rgenshtegi izertlew jumıslarında Mong`ollar basıp alg`an waqıtlarına tiyisli qıyrag`an xojalıq zatları menen birge qarıwjaraq, adam su`yeklerin taptı. Al`-alaladdin-al-Djuveyni (1226-1283) 100 mın`lag`an o`nermentshilerdi Mong`ollardın` tutqınına alıp ketkenin yaki o`ltirgenin aytadı. Bunday sho`lkemlestirilgen massalıq terror Shıng`ısxan ju`rislerine ta`n bolıp, xalıqtı qorqıtıwg`a basıp alg`an jerlerde qorqınısh payda etiwge bag`darlang`an.

Shıng`ısxannın` 1227-jıl o`limine deyin-aq basıp alıng`an jerleri – Orta Aziya ha`m Xorezmnin` iri qalaları, onın` to`rt balasının` arasında bo`lingen edi. Burıng`ı Xorezmshaxlar ma`mleketinin` arqa batıs bo`limi Joshı (1185-1224) ulısına endi. Biraq Mong`ollar da`stu`rine muwapıq U`rgenshtin` bir kvartalı Qıyat ha`m Xiywa qalaları Shag`atay (1190-1242) ulısına tiyisli boldı. O`z gezeginde Joshı bul qoldan ketken jerleri ushın Shag`atayg`a tiyisli elatlardan o`z u`lesin talap etti. XIV a`sirde jasag`an Persiya tariyxshısı Vassaf 1260-jıl Buxarada jan`a jan esabın alıwda Joshı xan balası Altın Orda xanı Batuxang`a tiyisli 5 mın` o`nermentshinin` bolg`anın jazadı[1]. Bunday etip bo`liwler Joshı ha`m Shag`atay a`wladları ortasındag`ı a`skeriy soqlıg`ısıwlarg`a alıp keldi. Batıwxannın` oraylıq Evropag`a ju`rislerinen keyin Shag`atay a`wladlarının` biri Alguy (1262) olja toplaw maqsetinde, burın shag`ataylar ulısına enbegen Xorezm ha`m Afganistan jerlerine topılg`an, o`z gezeginde Batuxan a`wladları da Xorezm arqası Buxara ha`m Xulagug`a tiyisli tu`slik Tu`rkistan (Xorasan) jerlerine topılıp otırdı.

Ko`shpeli mong`ollar o`zleri bag`ındırg`an, burınnan siyasiy, ma`deniy jaqtan rawajlang`an jerlerdi basqarıwda ta`jiriybege iye emes edi[2].

Usınday adamlardın` qatarında Qıtay jılqımanı Yuan`-Chao bi-shi Orta Aziyalı tariyxıshılar Mirxand, Abul-Gazl-Maxmud-Yalovach Xorezmiydi atap o`tedi. Maxmud Yalovach Mong`ollar patshası Ugedey waqtında Maverennaxr, Xorezm jerlerin bastırıp, salıq o`ndirip turdı. Son`ınan xan buyrıg`ına muwapıq

---

[1] Петрушевский И.П.Из истории Бухары в XIII в // Ученые записки ЛГУ. Қ 98 серия востокведческих наук.- вып11 -14-117-бет.

[2] Греков.б.Д. Якубовский.А.Ю. Золотая Орда и ее падение . -53 бет

Pekin gubernatorı bolıp tayınlang`an, keyin onın` siyasatın balası Masudbek dawam etken[1].

1218-jıldın` ba`ha`rinde Shıng`ısxannın` Xorezmshax Muxammedke jibergen sawda ha`m elshiler ka`rwanın Xorezmi-Maxmud Yalovach, buxaralı Ali-Xazna, Otırar qalasınan Yusuf Kenke basqarg`an.

XIII a`sirdin` 50-jıllarında bul jerlerdegi ekonomikalıq jag`daydın` tiklengenligin jazba derekler ha`m numizmatikalıq materiallar tastıyıqlaydı. Batıs Evropalı sayaxatshılar Plano Karpini, ag`ayinli Nikola ha`m Maffeo Polo XIII a`sirdin` 40-jıllarında Altın Ordada bolıp, U`rgenshtin` Organso atı menen o`mir su`rip turg`anın aytadı. Rus sawdagerleri de bul qalag`a kelip sawda islegen, rus jılnamalarının` biri Nikon jılnaması 1378-j Temur ta`repinen Toxtamısxannan (1406) jawlap alg`an elatlardın` biri «Organj» (Organcha) eske tu`siriledi. 1220-jıl Mong`ollar qıyratqan bu`lginshiligin qayta tiklegen.

XIII a`sirdin` ekinshi yarımında bul jerde bolg`an Orta Aziyalı ilimpaz Jamal Qarshi «Onda qaynag`an bazar bolıp, sawdagerler payda tu`siriw maqsetinde keledi» dep jazadı.

Buxaradag`ı Djuma meshitte mong`ol a`skerleri jaylasıp, din jayın masqaralag`an. Quran kitaplarının` dizimi saqlang`an sandıqlar atlarına jem salatug`ın nawag`a aylandırılg`an. Musılman imam, sheyx, saidları, ulamalar atxanada atbag`ar rolin atqarg`an. Bul a`lbette, islam ruxaniylarının` dindi satqanlıg`ı ushın jazası edi. Shıng`ısxan qalanın` bay adamlarının` dizimin tayarlawdı buyırg`an. Olarg`a barlıq baylıg`ın beriwdi talap etken.

Xorezmshax a`skerlerinin` kishkene bir bo`legi ishki qorg`an ishinde bekinip aldı ha`m mong`ollarg`a bag`ınbag`an. Mong`ollar bunnan keyin qorg`ang`a ot beriwge ma`jbu`r boldı. Qalanın` ko`pshilik jayları ag`ashtan bolg`anlıg`ı sebepli janıp ketti. Tek g`ana tas gerbishten salıng`an jaylar g`ana qaldı. Qalg`anın qorg`anıw bekinisleri qıyratılıp, qala xalqının` ko`pshiligi tutqıng`a alıp ketilgen[2].

---

[1] Бартольд В.В. Көрсетилген әдебият.Т.1.- 544-545-бет

[2] Өзбекстан тарийхы. 86-бет.

Akademik V.P.Bartol`d mong`ollar ma`mleketinin` islerin idealizatsiyalaw pozitsiyasında turıp tariyxıy jazba eskertkishlerdegi waqıyalardı jumsartıp ko`rsetedi. Buxaranı mong`ollardın` jag`ıp jiberiwi jo`ninde bılay dedi: «Qalanı jag`ıp jiberiw Shıng`ısxannın` planına kirmegen, qaladag`ı o`rt urıslar waqtında bolatug`ın apatlarg`a uqsas… sebebi, qala tıg`ız qurılg`an edi[1]. Al shınında da bunday emes edi. Shıng`ısxan qalanı jag`ıp jiberiw jo`ninde buyrıq bergen.

Buxaranı iyelegennen keyin mong`ollar tutqınlardı artıp Samarqandqa jo`negen. Samarqandta ko`p quramlı ku`sh bar edi ha`m qala o`zin qorg`aw mu`mkinshiligine iye edi. Biraq, qalanı qorg`aw tek g`ana puqara xalıqtın` qolınan keletug`ın edi. Persiya tarixshısı Djuveyinin` aytıwına qarag`anda Ali Erxan basshılıg`ında tyurk a`skerleri qala diywalınan sırtqa shıg`ıp mong`ollarg`a ko`p zıyan bergen[2].

Mong`ollar Samarqandtı qamal etti. Shıng`ısxan qala sırtındag`ı Ko`k sarayda jaylasıp, usı jerden qamalg`a basshılıq etken. Samarqandqa qamal jasawda mong`ollar o`zlerinin` sumlıq taktikalıq usılın qollag`an. Samarqand xalqı topılısqa o`tken dushpan a`skerlerine qarsı qaharmanlarsha gu`res alıp bardı. Biraq, Buxaradag`ıday jergilikli bay feodallar ha`m ruxaniylar satqınlıq jasap jasırın Shıng`ısxang`a barıp, qalanı beriw haqqında kelisken. Olar qala da`rwazaların ashıp bergen. 1220-jıldın` mart ayında Shıng`ısxan a`skerleri Samarqandqa basıp kirip ayawsız tonag`an. Qala xalqının` az bo`legi g`ana oraylıq qorg`ang`a, meshitke bekinip qarsılıq bildirgen. Biraq, mong`ollar qorg`andı iyelep olardı o`ltirgen, meshitke ot qoyg`an. Ko`p mın`lag`an Samarqand xalqı basqınshılar ta`repinen qatıl etildi. O`nermentshi ha`m sheber ustalar mong`ol feodalları ta`repinen qul retinde bo`listirildi. Otız mın` o`nermentshi mong`ollardın` tınına tutqıng`a alıp ketilip mong`ol patshaları ha`m ha`kimleri ortasında bo`listirilgen. Qıtay Monaxı Chan Chun mong`ollardan 100 mın`day adam g`ana qalg`an deydi[3]. Qalanı mong`ol ha`kimi basqardı.

---

[1] Бертольд В.В.Туркистан в эпоху Монгольского нашествия, соч. т.I. М. 1963. 478-бет.
[2] Алекпоров Ю.Н. Самарканд Ташкент, 1996, 54-бет.
[3] Сонда, 289-бет.

Buxara ha`m Samarqandtın` mısalında qalanı o`z erki menen tapsırg`anı menen adamlardın` tutqınnan ha`m tonawshılıqtan qutılmag`anın ko`remiz. Bunday jag`daylar mong`ollar basıp alg`an basqa da Orta Aziya qalalarında boldı. Sog`an qaramay Orta Aziya basqa da qalalarının` adamları mong`ollarg`a qarsı gu`reste erlikler ko`rsetti.

Usınday qaharmanlıq ko`rsetken jerlerdin` biri – Xorezm qalaları bolıp esaplanadı. Xorezm oazisinin` bay, o`nimdarlı jerleri Qaraqum, Qızıl qum sho`lleri ha`m Aral ten`izi menen qorshalıp turadı. Sonın` ushın da mong`ollar Buxara, Samarqand, Xodjent (Leninabad) alg`annan keyin ko`p ku`sh penen A`miwda`r`yanın` to`mengi ag`ısındag`ı U`rgensh basshılıg`ındag`ı Xorezm qalaların basıp alıwg`a kiristi. Shıng`ısxan Xorezm qalaların basıp alıw ushın Shıg`atay ha`m Djuchi basshılıg`ındag`ı a`skeriy ku`shlerin jiberdi. Bul waqıtta Xorezmshax Muxammed Orta Aziyanı taslap ketip Kaspiy ten`izinin` bir atawında oledi[1].

1221-jılı yanvarda U`rgenshke Xorezmshaxtın` balası Djalaladdin keldi. Ol Xorezmshax degen ataqqa, sultan titulın iyeledi. Djalaladdin er ju`rek, sheber a`sker basshı edi. Biraq, Xorezmde (U`rgenshte) Xorezmshaxtın` anası Turxan xatun qashqannan keyin, feodallar ortasında taxt ushın gu`res baslandı. Bul qızg`anshaq, soqır adamlar ku`shli abıroyg`a iye, talantlı Djalaladdin taxt basına shıg`ıwın qa`lemedi. Og`an bag`ınbag`an, ha`tteki Djalaladdinge qastıyanlıq jasawg`a da urıng`an. Usınday jag`dayda Djalaladdin Xorezmdi mong`ollardan qorg`aw mu`mkinshiligine iye boldı. Ol izine ergen 300 a`sker menen Xorezmdi taslap Xorasang`a ketti. Ol jerde Afg`anstang`a o`tip Shıng`ısxan a`skerlerine qarsı qa`rsılıq ko`rsetiw ku`shlerin ja`mlestiriwge urındı.

U`rgensh mong`ollarda Gurgandj xalqı mong`ollarg`a qarsı gu`reske tayarlıq ko`rdi. Biraq, olarg`a basshılıq etetug`ın adam bolmadı, Turkan Xatun ta`reptarı bolg`an qıpshaqlar qorqaq, talantsız tyurk a`miri Xutar-tegindi Sultan ha`m Xorezmshax dep ja`riyalang`an[2].

---

[1] Өзбекстан тарийхы. 86-бет.
[2] Материалы по истории Туркмен и Туркмении. Т. I. М-Л. 1938, 476-б.

U`rgensh XIII a`sirdin` basında Shıg`ıstag`ı ko`p xalıq jasag`an, sulıw, ku`shli bekiniske iye qalalardın` biri edi. Sonın` ushın da qalanı iyelewge Shıng`ısxan Chagaday, Ugodey, Djuchi basshılıg`ındag`ı ko`p a`skerler jiberdi.

Orta a`sir tariyxshısı Muxammed Nesavidin aytıwınsha, Djuchi Shıng`ısxannın` Xorezmdi, Aral boyı dalaları, Volga boyların o`z u`lesine beretug`ının bilip bay, sulıw U`rgensh qalasına qıyratpay saqlap qalıwg`a urındı. Bunda ol qala o`z erki menen mong`ollarg`a berilse qalanı qıyratpay saqlap qalıwg`a wa`de etken. Bul pikirdi al-Nesevi basqa bir jerdegi jan`a derek penen tastıyıqlaydı. Ol qala do`geregindegi jaylasqan awıllardı mong`ollar tonag`anın aytadı[1].

Akademik V.V.Bartol`d Gurgandjdi alg`an waqıtındag`ı Chag`atay ha`m Djuin ortasındag`ı payda bolg`an kelispewshilikti atap qalanı o`z u`lesine tiyetug`ının tu`sinip qıyratıwdan saqlap qalıwg`a urıng`an. Biraq, Shıg`atay mong`ollardın` traditsiyalıq taktikasına tiykarlanıp, qalanı tonawdı, son` qıyratıwdı talap etken. Bul tartıs Shıng`ısxannın` aralasıwı menen sheshilgen. Ol basshılıqtı kishi balası Ugedeyge berip, urıstı burıng`ıdan kiyatırg`an ta`rtip boyınsha alıp barıwdı buyırdı.

Qala berilmegennen keyin mong`ollar qala do`geregindegi orınlardı, kanaldı alaman a`kelgen topıraq, sho`p penen toltırıp, diywallardı ballast (diywal buzıwshı mashinalar) menen qıyratqan. Qorqaq uqıpsız Humar tegim qorıqqanınan da`rwazanı ashıp, mong`ollarg`a berilgen[2].

Mong`ollar qalag`a basıp kirgeni menen, xalıq qaharmanları gu`resti dawam etti. Olar ha`r bir kvartal, ha`r bir jaydı qorg`adı. Arab tariyxshısı İbn al Asirdin aytıwınsha «erkekler, hayallar, balalar tatarlar qalanı birotala basıp alg`anınsha urısqan»[3].

Al Djuveynile bul waqıyanı bılay suwretleydi: «Qala adamları kvartal ha`m ko`shelerde bekkemlenip, ha`r biir ko`shede urıs alıp bardı ha`r bir ko`she tarmag`ında tosqawıl qurdı. Mong`ol a`skerleri – neft` quyılg`an ıdıslar menen

---

[1] Корсетилген әдебият, 480-481 бетлер.
[2] Материалы по истории Туркмении. 487-стр.
[3] Сборник материалов, относяющия по истоии Золотой Орды. Т.I. 32-стр.

olardın` u`ylerin, kvartalların jag`ıp, oq jay, salaqpan yadro tasları menen adamlardı qırdı[1].

Son`ınan qala mong`ollar ta`repinen aman qalg`an adamlardı dalag`a aydap shıqtı. Djuveyninın` aytıwınsha mong`ollar 100 mın` o`nermentshini tutqıng`a aydap ketken. Al, qalg`an qala adamların ayawsız qırg`an. Bunnan keyin de mong`ollar bu`lginshilik, qıyratıw ha`reketin dawam etti. Olar U`rgenshti suw tasqınınan saqlap turg`an qayshını buzıp qalanı A`miwda`r`ya suwına tastırg`an.

Mong`ollardın` U`rgenshti alıwı menen basqınshılıq ha`reketleri toqtamadı. Xorezmnin` basqa da mayda qalaları qıyrag`an. Ko`plegen awıl, qalalar qarabaxanag`a aylang`an.

Orta Aziya ha`m og`an qon`sılas elatlardı basıp alg`an mong`ollar jerlerdi bo`lisip, u`lesleri - ulıslarda o`zlerinin` paydaku`nemlik ma`plerin go`zlep, basıp alg`an jerlerinde u`lken payda tu`siretug`ın qala, o`nermentshilik sawdanın` rawajlanıwına qızıqtı. Sebebi ol jerler burınnan eginshilik, o`nermentshilik ha`m sawda orayları edi.

Mong`ollardın` Sırda`r`ya jag`alap ketken bir bo`legi da`r`yanın` joqarı ag`ısındag`ı qalalardı iyelewden baslandı. Bul qalalardın` qatarına Xodjent (Tajikstan Leninabad qalası) Fenaket (Boneket) iyeledi. Xodjent qalasın da adam ku`shi menen Amir Temur Malik qorg`adı. Djuveynidin aytıwınsha «ol «Shaxshama» qaharmanı Rustemdey batır bolg`an. Xodjentti uzaq qorg`aw mu`mkinshiligine iye bolmag`an. Temur Malik izine ergen mın`lag`an a`sker menen Sırda`r`yanın` bir atawında bekingen. Olardı bag`ındırıw ushın 20 mın` mong`ol a`skeri jiberilgen. Mong`ollar qısımına shıdamag`an Temur Malik Sırda`r`yanın` to`mengi ag`ısındag`ı Djend qalasına kemede ju`zip ketti».

Tu`slik Tu`rkistan jerleri Shıng`ısxannın` kishi balası Tulay ta`repinen basıp alındı, ol 1221-jılı Merv, Seraxe, Ativerd, Aisa ha`m Sebzabar qalaların basıp aldı, ol son`ınan Xorasan jerlerine jetip, İnshapur ha`m Gerat qalaların qıyrattı. Al, 1222-jılı mong`ol a`skerleri Merv qalasın ekinshi ret iyeledi. Mong`ollardın` ha`r

---

[1] Материалы по истории Туркмении. 487-стр.

bir shabılıwı ko`p adamlardı qırıw, materiallıq baylıqlardı qıyratıw jag`dayında alıp barıldı.

Mong`ollar shabılıwlarının` a`qibeti Tu`rkmenstan territoriyasında awır boldı. Ha`zirgi Tu`rkmenstan territoriyasında buzılg`an kanal qaldıqları, adam jasamaytug`ın oazisler, talang`an qalalardın` qaldıqların, qan`ırap atırg`an awıllardı ushıratıw mu`mkin. Jazba eskertkishlerde ayırım oblastlarda xalıqtın` ko`pshiligi jırg`anlıg`ı haqqında adamlardın` ko`pshiligi ko`p jıllıq miynetinin` jemisi materiallıq ha`m ma`deniy baylıqlardı joq etkeni jo`ninde derekler bar. Tek g`ana Merv qalasın iyelewde mong`ollar 1300 mın`nan aslam adam o`lgen, al Nisa qalasında 70 mın` adam o`ltirilgen[1].

Mong`ollar ta`repinen qıyratılg`an Tu`rkmenstan qalaları uzaq waqıtqa deyin Shıng`ısxan a`skerlerinin` shabılıwınan qayta tiklene almadı.

Ha`tteki XIII a`sirdin` birinshi yarımında Tu`rkmenstan jerlerine de a`skeriy ha`reketler toqtap, mong`ollardın` xulaguidalar ma`mleketinin` quramına engeni menen de xojalıq turmısının` bu`lingen jag`dayında qalalardın` ma`deniy rawajlanıwına mu`mkinshilik bolmadı. Bunday mu`mkinshilik qurılıs jumısların alıp barıw ushın da jag`day jasamadı. Orta Aziya ha`m İrannın` XIII-XIV a`sir tariyxın jazg`an usı da`wirdegi feodallıq istoriografiyalıq wa`killiklerinin` biri, tariyxshı Rashidaddin – mong`ollar da`wirindegi turmıstı ko`terip ta`rtiplesede, mong`ol xanları basqarg`an da`wirdegi awır jag`daydı moyınlap, shınlıqtı jazadı.

Onın` aytıwınsha mong`ol shabarmanları qanday da bir qalag`a kelgende, jergilikli mong`ol ha`kimleri olarg`a en` jaqsı, u`ylerdi berip adamlardın` son`g`ı gilem, to`seklerin, ıdıs, tabaqların tartıp alıp bergen. Joqarıda aytılg`anınday 1221-jılı Xorezmdi mong`ollardın` iyelewi menen Orta Aziyag`a mong`ollardın` a`skeriy ha`reketleri tamamlandı. Shıng`ısxannın` qatnasıwı menen bolg`an urıslar 1221-1222 jj. Xorosan, Afg`anstan ha`m İndi da`r`yasının` boylarında dawam etti. 1222-jıldın` gu`zinde Shıng`ısxan Samarqandqa qaytıp keldi. Ol 1224-jıldın` ba`harine deyin Orta Aziyada bolıp, son` İrtısh boyında, al 1225-jılı Mong`oliyag`a

[1] Бул деректи Мухаммед ан Несеви қалдырған. Бул жөнинде Материалы по истории Туркмении. 473-стр.

qaytıp keldi. Mong`ollar Orta Aziya jerlerin basıp alıwı xalıqqa u`lken apatlar alıp keldi. Birinshi gezekte bul xalıq sanının` azayıwın payda etti. Ayırım adamlar urıslar waqtında joq etildi, qalg`anları qullıqqa alıp ketildi, basqa bir bo`legi urıslar waqıtında bolatug`ın ashlıq ha`m epidemiyalar waqıtında o`lip ketti.

O.D.Chexivich ta`repinen ja`riyalang`an waqıb (vakf) gramota-dokumentlerinde Buxara oazisinde tek g`ana qorg`an – zaman, mechet, awıl qarabaqanların g`ana qosıp, XIV a`sir ha`tteki bag` ha`m ju`zimgershiliklerinin` ornı g`ana qalg`anlıg`ı aytılg`an[1]. Bunday bu`lginshilik izlerin Orta Aziyanın` basqa jerlerinde de ko`riwge boladı.

Belgili arxeolog-tariyxshı S.P.Tolstov, E.N.Neraziektin`[2] ko`rsetiwinshe Xorezm jerleri, qalaları mong`ollar shabılıwları jılları u`lken zıyan ko`rgen. Awıllar, qalalar ha`m suwg`arıw sistemaları ku`nge aylang`an. Awıl xojalıg`ında islewshi adamlar, qala o`nermentshileri o`ltirilgen. Yaki alıs kishi mongoliya jerlerine qullıqqa alıp ketilgen. Aman qalg`an sawdagerler, ruxanıy wa`killeri Batıstag`ı musılman ellerine qashıp ketken. U`rgensh janındag`ı qurılg`an qayshı A`miwda`r`yanın` ku`shli tasqınların uslap turdı. Biraq, 1221-jılı mong`ollardın` bul tarnawdı qıyratıwın a`dep jag`anın` ko`pshilik jerlerine suw basıp ketti, eski da`r`yanın` Dawdan, da`r`yalıq usag`an tarmaqlarında suw ko`p bolıp, eginshiliktin` rawajlanıwına mu`mkinshilik tuwdı. Biraq, on` jag`ındag`ı Xorezm jerleri suw jetispewshiliktin` aqıbetinde ekonomikalıq turmıstın` to`menlewi seziledi. Ha`tteki burıng`ı awıl orayları qarabaxana halında qalg`an. SSSR ilimler akademiyasının` etnografiya ekspeditsiyasına tiyisli 1937-jıldan baslap a`yyemgi Xorezm jerlerinde jumıs islep atırg`an Xorezm arxieolog-etnografiyalıq ekspeditsiyasının` izertlew juwmıslarına qarag`anda Kabat qala (Ellik qala rayonı), Berqut qala (Beruniy rayonı) oazisine ko`plegen awıl, qorg`anlar Gofxore, Amirabat usag`an suwg`arıw kanalları mong`ollar shabıwınan keyin, yag`nıy XIII-XIV a`sir aqırlarınan baslap bu`lingen halında qaldı.

---

[1] Чехевич А.О Бухарские документы XIV в. Т. 1965, № 10.
[2] Е.Н.Неразик. Сельское жилище Хорезма. М. 1976. 23-стр.

Ha`tteki suw barg`an shep jag`adag`ı Xorezm jerlerinde de Normal jap suwg`arıw tarmaqlarının` isten shıg`ıw aqıbeti na`tiyjesinde ko`p territoriya bu`lginshilik halında qaldı.

Orta a`sirlerdegi Zamaxsharı qalasınan baslap batıstag`ı Tuzır-Yarbekir jerleri XIV a`sirge deyin taslandı halında qalg`an. Bul jerlerdin` ayırımlarında g`ana, mısalg`a Kunya-Uaz, Topır qala do`gereginde Arqa da`wdan suwlarınan na`r alg`an ozg`an jerler qaytadan jarlang`an[1].

Xorezmde irrigatsiyalıq qu`rılıslardın` buzılıwı A`miwda`r`ya suwının` Sarıkamısh oypatlıg`ına ag`ıp, burın egislik ushın paydalang`an A`miwda`r`yanın` shep jag`asındag`ı jerlerdi suw basıwg`a alıp keldi.

Belgili arxeolog tariyxshı V.V.Andrianovtın` ko`rsetiwine «Yarbekirdegi batıs ta`reptegi Dawdan boylarının` Orta a`sirlerdegi suw tasqınlarının` izin saqlag`an, bul jo`ninde topıraq o`simlik qatlamlarının` xarakteri ha`m ko`p maydandag`ı tor basqan maydanlar dala boladı» deydi[2].

Bunday bu`lginshilikti biz Tu`rkmenstan jerlerinde de ko`remiz. Turkmeniya jerlerinde Masson, E.Atagarriev, J.Durdıev, X.Yusupov tag`ı basqalar ju`rgizgen arxeologiyalıq izertlewler bul jerlerdegi ko`plegen qalalardın` XIII-XIV a`a`. qarabaxana halında qalg`anın ko`rsetedi. Mong`ollar da`wirinde Tu`rkmenstanda zıyan ko`rgen jerlerdin` biri. Dexistan jerleri Nekarida aytılg`anınday, orta a`sirlerde gu`llengen Dexistan qalaları mong`ollar u`stemligi da`wirinde bir qansha ha`lsiregen[3]. Bunday ekonomikalıq to`menlewdi biz tualik Tu`rkstannın` orta a`sirlerdegi iri qalalarınan biri Sherx-İslam materiallarınan ko`riwge boladı. Turkmenstanlı arxeolog E.Atagariev Sheri-İslam territoriyasındag`ı izertlewlerinin` juwmag`ın «Sharq-İslamnın` materiallıq baylıg`ın»da miynetinde jariyalang`an[4].

Arxeolog izertlewlerinin` juwmag`ına qa`rag`anda bul qalada XIII-XIV a`a`. ekonomika, siyasiy turmısta artta qalıwshılıq seziledi.

---

[1] Неразие Е.Е. Сельское жилище. 123-стр.
[2] Андрианов В.В. Древние оростительные системы Приаралья. М. 1969, 176-стр.
[3] Андрианов В.В. Древние оростительные системы Приаралья. М. 1969, 176-стр.
[4] Атагарриев Е. Средневековой Дехистан, 25-26-стр.

Juwmaqlap aytqanda Orta Aziyadag`ı ekonomikalıq ha`lsirew menen qalalar turmısının` artta qalıwshılıg`ı tariyx iliminde da`llillengen fakt. Biraq, XIII-XIV a`a`. tiyis jazba eskertkishlerge su`yenip Orta Aziya oblastları menen qalalarında ayırım ekonomikalıq o`siwshilikti ko`remiz. Biraq, bul ilgerilewshilik XIII a`sirdin` basına deyin, yag`nıy mong`ollar shabılıwı baslang`ang`a deyingi turmıs (jag`day) menen salıstırg`anda ju`da` artta qalıwshılıqtı sezemiz.

Mong`ollar jawlap alıwshılıg`ının` ekonomikalıq aqıbetlerinin` biri – feodallıq ja`miyet jag`dayında, ko`p mın`lag`an adamlardı qulshılıqqa tu`siriw arqalı qulshılıq ja`miyetine ta`n bolg`an ta`rtiplerdin` qaytadan tikleniwi. Qulshılıq jag`dayınan tu`sken o`nermentshilerdin` bir bo`legi Orta Aziya qalaları – Buxara ha`m Samarqandta jumıs islegen.

Shıng`ısxanlar Orta Aziya jerlerinde diyxanlardı ekspluatatsiyalawdın` awır normaların ornatqan. Monog`ollardın` salıq siyasatı sonday awır bolg`an, usı sebepli eldin` ekonomikası tez arada tikleniw mu`mkinshiligine iye bolmadı.

Orta Aziya jerlerinin` qaytadan tikleniwine zıyan bergen qurılıslardın` qaytadan biri – basshılardın` qatan` vlastı, yaki zakonlıqta, yaki paraxatshılıq jag`dayın ornata alıwı sebepshi boldı. Mong`ollar da`wirinde ko`shpeli feodallar jan`a jerlerdi islew maqsetinde o`z-ara urıslardı ku`sheytken. Bunday feodallıq urıslar Timur ma`mleketi du`zilgenge shekem dawam etti.

Mong`ollar shabıwınan aman qalg`an jerlerdi qaytadan turmıs tiklene basladı. XIII a`sirdin` ekinshi yarımında Orta Aziyanın` burınnan ma`deniyatı rawajlang`an qalalarında sotsial-ekonomikalıq jag`day qaytadan jaylang`an. Bul jo`ninde jazba ha`m arxeologiyalıq mag`lıwmatlardan, dereklerden ko`riwge boladı. Orta Aziya jerlerinde XIII a`sir aqırı – XIV a`sirde quralg`an ko`plegen arxitekturalıq qurılıslardı mong`ollar da`wirinde jergilikli qalalarda sotsial-ekonomikalıq janlanıwdın` bolg`anlıg`ın bildiredi. A`lbette, bul da`wirdegi jan`alanıw tek g`ana mong`ol xalıqlarının` Orta Aziya xalıqlarına beyimlesip qala turmıs ma`deniyatın mengeriwine baylanıslı emes[1].

---

[1] Бундай қәте пикирди архитектор Б.Н.Засипкин «Орта Азия архитектурасы» деген мийнетинде айтқан 70-б.

Kerisinshe, ko`p territoriyanı iyelegen mong`ol xalıqlarının` jergilikli qalaları vlastınan ha`lsiredi, ayırım jerlerde turaqlı xalıq shıqqan feodallardın` rolinin` artıwı, xalıqtın` miynet su`ygishligi na`tiyjesinde ja`miyetlik turmıstın` o`siwi sebepli boldı. Bul da`wirdegi feodalizmnin` rawajlanıwı ele alg`a ilgerilewde boldı. Bul Orta Aziya qalalarının` iskusstvası, a`sirese qurılıs, arxitektura tarawları jan`a tvorchestvalıq jetiskenliklerdi qolg`a kirgizdi. Biraq, mong`ol u`stemligi da`wirinde qalalardın` normal rawajlanıwına jag`day jasadı dep aytıwg`a bolmaydı. Sebebi, mong`ollardın` Orta Aziya qalaları u`stinen ju`rgizgen ha`kimligi ha`r qanday progressiv xarakterdegi baslamalarg`a tosqınlıq jasaytug`ın edi.

Sonın` ushın da mong`ollar da`wirindegi jag`daydı izertlewshiler obrazlı etip bılay bahaladı: «Bul eziwshilik awır bolıp g`ana qalmay, ol xalıqtın` ruwxın qorlap, qurg`atıp,… tatarlar sistemalı terror rejimin ornatıp, massalıq o`ltiriw ha`m bu`lginshilik ku`ndelikli iske aylandı»[1].

Shınında mong`ollar u`stemligi Orta Aziya qalalarının` rawajlanıwın a`dewir keyin serpip tasladı.

[1] Монголдо-татары в Азии и Европе, 219-332 стр.

## III-bap. Orta Aziyadag`ı salıq tu`rleri

### 3.1. Salıq tu`rleri

Mong`ol xanları da`wirindegi xalıqtan alınatug`ın alım-salıqlardın` qanday tu`rleri bolg`anın jazba dereklerdi salıstırıp u`yreniw jolı menen tiklew mu`mkin.

Orta Aziya xalıqları tariyxında mong`ol xanları da`wirinin` sotsiallıq problemalar ma`selesin sheshiw a`hmiyetli wazıypalardın` biri. Sotsiallıq tariyxtın` baslı problemalarının` biri mong`ol xanlarının` salıq siteması bolıp esaplanadı.

Akademik V.V.Bartol`d tariyx iliminde birinshilerden bolıp jazba derekler, arab-persiya, jazıwshılarına negizlenip mong`ol xalıqlarının` alım-salıqqa baylanıslı tu`siniklerdi islep shıqtı.

Mong`ol xanları da`wirinde engizilgen tiykarg`ı salıqlardın` biri kopchur dep atalg`an. Bul salıq xalıqtın` ha`mme qatlamlarına tarag`an.

Kopchur – jan salıg`ı bolıp esaplanadı. «Kopchur» termini tariyxshı Kartmerdin` anıqlawınsha mong`ol so`zi bolıp da`slebinde «Jaylaw» ma`nisin an`latqan. Menchu-Kaan yarlıg`ında kopchur ko`lemi, adamlardın` baylıg`ına muwapıq bir dinardın` baylıg`ına on dinarg`a deyin to`leytug`ın bolg`an. Biraq, kopchurdı jag`dayına qaray to`lew printsipi barqula saqlanbadı. Tariyxshı Djuveyni o`zinin` dereklerinde mong`ol xanları da`wirinde 10 adamnan 70 dinar salıq alıng`an. Al Rashidaddin mag`lıwmatlarında Qıtay ha`m Maverannaxr jerlerinde bay sem`yalardan 15 dinardan, jarlı u`ylerden bir dinar salıq o`ndirgen.

Joqarıda keltirilgen mag`lıwmatlardan bir kopchur (jan salıg`ı) Gazanxan ukazınan keyin eki kategoriyag`a bo`lingenin ko`remiz.

Birinshi: Otırıqshı xalıqtın` o`ndirilgen kopchur salıg`ı. Bul kategoriyada alım jılına eki ma`rte o`ndiriletug`ın boldı.

Ekinshi: Ko`shpelilerden o`ndiriletug`ın kopchur. Bul kategoriyadag`ı adamlardan salıq jılına bir ret o`ndiriletug`ın bolg`an.

Joqarıda keltirilgen mu`ddet – waqıtlar qatan` saqlandı. Egerde qanday da bir salıq to`lewshi adamdı waqtında to`ley almasa odan ju`z dinar esabınan qosımsha bir dinar o`sim alıng`an.

Rashidaddin keltirgen mag`lıwmattan biz kopchur salıg`ı mong`ol xanları ta`repinen Orta Aziya jerlerinde otırıqshılar, ko`shpelilerden jıynalg`anlıg`ın ko`remiz. Rashidaddin Maverannaxr ha`kimi Kaydu haqqında ayta kelip, ha`kim Maverannaxr adamlarınan da`nley yamasa u`y haywanları menen de kopchur o`ndirgen. Bul jag`dayda ju`z bas maldan bir bas, on ko`pshik da`nnen bir ko`pshik kopchur alatug`ın bolg`an.

Avtor tag`ı bir jerde – Kaydu 500 arba azıq-awqat o`nimlerin mong`ollar paytaxtı Qarakorwmg`a jiberiwge buyrıq bergen. A`lbette bul o`nimler mong`ol xanlarının` Orta Aziya xalıqlarınan alıng`an kopchur tag`ı basqa salıqları esabınan jıynalg`an.

Biz joqarıda keltirilgen mısallardan mong`ol xanlarının` salıq siyasatı İrandama, Xorezmde yaki Orta Aziyanın` basqa jerlerinde birdey ju`rgizilgenin ko`remiz.

Mong`ollar da`wirinde o`ndirilgen salıqlardın` ja`ne bir tu`ri tagora dep atalg`an. Tagora – bul azıq-awqat salıg`ı esaplanadı. Tagora salıg`ı joqarıda aytılg`an kopchur printsipinde o`ndirildi.

Jazba dereklerdegi mag`lıwmatlardı analizlegende Tagora salıg`ının` ko`lemi mong`ollar imperiyasına engen territoriyalarda egiletug`ın jerlerdin` ko`lemine qaray ha`r tu`rli bolg`an.

Armyan jazba dereklerinde tagora salıg`ının` ko`lemi, onı xalıqtan o`ndiriw usılları jazılg`an. Armyan tariyxshılarında jan basına o`ndirilgen tagora ko`lemi ma`mleketlik esapta to`mendegidey bolg`an:

Ha`r bir jerde islewshi adam 100 litr da`n, 50 litr vino, 2 litr gu`rish, 3 qap, 2 jip, bir moneta, oq jay, tag`a beretug`ın bolg`an[1].

Gazan xan reformalarınan keyin kopchurdın` ko`lemi o`zgermegen. Bul salıqtın` ko`lemi burıng`ıday salıq to`lewshilerdin` doxodına baylanıslı bolg`an. Rashidaddin o`z «Jılnamalar jıynag`ında» mınaday mag`lıwmattı keltiredi. «Ha`kim xan buyırdı: ha`r walayatta arnawlı bitikshi jiberilip awılma-awıl ju`rip

[1] История монголия по армянским источникам. Вып. 2, 88-стр.

xatlap, esapqa alsın. Onda burıng`ı jan salıg`ı esapqa alınıp kopchur ko`lemi azayıp yaki ko`beytilmesin, usılayınsha rayonlar ra`ha`tte ha`m ırazı bolsın.

Solay etip biz kopchuk salıg`ı degende otırıqshılar, ko`shpelilerden o`ndiriletug`ın tiykarg`ı alım bolıp qosımsha salıqlardan pu`tkilley ayırılıp turadı.

Rashidaddin mag`lıwmatlarınan biz kopchur ha`r tu`rli walayatlarda jag`dayg`a qaray naturalay, yaki aqshalay alıng`an. Bul printsip qatan` saqlandı. Biraq, aqshalay salıq o`ndiriw tovar-aqsha qatnasıqlarının` rawajlanıwına ta`sir etti. O`z gezeginde Orta Aziya jerlerindegi joqarg`ı begi salıqları tovar-aqsha qatnasıqların sheklegen. Mong`ollar da`wirine deyingi qustar - o`nermentshiligi ko`shpeli mong`ollar da`wirinde derlik rawajlanbay qaldı.

Orta Aziyada XIII-XIV a`sirlerde mong`ol xanları da`wirinde o`ndirilgen salıqtın` bir tu`ri tamg`a salıg`ı. Tamg`a – o`nermentshiler, sawdalerger ha`m tag`ı basqada qala qatlamlarınan o`diriletug`ın salıq boldı. Gazan xan yarlıg`ında tamg`a salıg`ı ha`r oblastta ha`r tu`rli ko`lemde bolg`an. Bul yarlıqta ha`r bir qala da`rwazasında yamasa qalanın` biyik ko`rinetug`ın jerinde salıq mug`darı arnawlı doskag`a jazılıp asılıp qoyılg`an. Onda sol jer adamlarının` to`leytug`ın salıqının` ko`lemi ko`rsetilgen. Salıq to`lewshiler yaki ortadag`ı o`ndiriwshiler salıq ko`lemin ko`beytiw yaki azaytıwg`a haqlı boldı.

Ayırım tariyxshılar (tamg`a) termininen tranzitden yaki tomogina salıg`ın tu`sinedi. Akademik V.V.Bartol`d tamg`a tu`sinigi parıssha «badan» («bagiy») so`zine jaqın deydi. Bul termin salıq iretinde oray avtorı ta`repinen İslamnın` da`slepki a`sirinen baslap qollanıladı. V.V.Bartol`d jazba dereklerdi u`yrenip, tanga barlıq salıqlardı bildirgen degen pikirde[1]. Sawda-sanaat ka`rxanalarınan baslap jez o`ksheler u`yinen de salınatug`ın bolg`an.

Rashidaddin tamg`a jıynawshılardı «tamgachi ilaxr» yag`nıy qala tamg`ashıları dep ataydı.

## 3.2. Awırlasqan salıqlar

Tamg`adan jıynalg`an doxod ko`p summanı quraydı. Sonın` ushın da mong`ol xanlarının` g`aznanı bayıtıwdag`ı isenimdi daxodına aynaldı. Salıqtı

[1] Бартольд В.В. Персидская надпись Анийской мечети. Соч.

o`ndiriw usılları ju`da` awır boldı. Salıq to`lewshiler barlıq jag`dayda da salıqtı to`lew jag`dayında bolmadı. Rashidaddin bul jo`ninde bılay deydi, «mong`ollar … qatal talap etip, adamlardı jarlıshılıqqa deyin apardı, olardı qısqısh penen qısıp azaplap, qashqanlardı tutıp o`ltirdi. Kim salıq to`ley almasa balaların aldı».

Mong`ollar da`wirinde jazılg`an bul mag`lıwmatlardan biz xalıq massasın basqınshı xanlar da`wirinde qanday azaplawlar, qorlıqlar ushırag`anın ko`remiz.

Mong`ollar da`wirine deyin bolg`an salıqlardın` biri – Xaradj salıqı boldı. XIII-XIV a`sirlerde Xaradj tiykarg`ı salıq tu`rinen esaplandı. Jazba redaktorlerde bul jazba ha`r tu`rli atamalarda ushırasadı. Bir avtorda al «Xaradj», basqalarında – «mal», u`shinshisinde «mutavadjixat».

Rashidaddin – «Jılnamalar jıynag`ında» bul salıqtın` tiykarında aqshalay o`ndirilgenin aytadı. Biraq, ayırım oblastlarda «Xaradj» natura tu`rinde de o`ndirilgen. İrandag`ı jazılg`an jazba dereklerde mong`ollar u`stemliginin` son`g`ı da`wirlerinde «Baxra» – dep atalg`an termin payda bolg`anlıg`ın ko`remiz. Bul da jer salıg`ının` tu`ri bolg`an.

«Baxra» salıg`ı jer iyelerinen o`ndirilgen bolıwı mu`mkin. Akademik İ.P.Petrushevskiy Xamdallax Kazvini avtor «Ma`mleketlik g`azna – jeke menshik iyelerine o`nimnin` bir bo`legin aldı» – degen mag`lıwmattı keltiredi.

Rashidaddin mag`lıwmatlarında ma`mleketlik jerler u`sh kategoriyag`a bo`lingen.

Birinshi kategoriyadag`ı: O`nimdarlı suwg`arıw sistemalarına jaqın jaylasqan jerler. Bul jerler ko`pshilik sarp etiwdi talap etedi. Bul jerlerdi o`zlestirgen diyxan birinshi jan`a salıq to`lemegen, ekinshi jılı ol 13 % salıq, u`shinshi jılı 4,5 tang`a salıq to`leytug`ın bolg`an.

Ekinshi kategoriyadag`ı jerler: Bul islewde ortasha qıyınshılıq tuwdıratug`ın jerler. Bul jerlerdi o`zlestirgen diyxan ma`mleketlik qaznag`a diyxan ta`repinen belgilengen summanın` 4,6 % o`tegen.

U`shinshi kategoriyadag`ı jerler: O`zlestiriw qıyın bolg`an jerler. Olarda suwg`arıw sistemaların qurıw an`sat bolmag`an. Bul jerlerdi o`zlestirgen adam salıqqa jartısın g`ana to`leytug`ın bolg`an.

Joqarıdag`ı atalg`an kategoriyalardag`ı jerler qazınag`a Xaradjı tu`rinde beriledi. Ku`ndelikli egiletug`ın jerlerden o`ndiriletug`ın Xaradjı ko`lemi joqarı boldı. Joqarıdag`ı keltirilgen u`sh kategoriyadag`ı jerlerdegi diyxanlarg`a l`got (jen`ilikler) ko`birek berildi. Bul jag`day mong`ollardın` jawlap alıwları da`wirinen bos jatqan jerlerdi o`zlestiriwdi tezletti.

Bunday jag`daylardın` shag`ataylar ma`mleketinde bolmag`anlıg`ı jo`ninde mag`lwmatlar bar joq. Biraq, Orta Aziya jerleri menen İran territoriyasının` jaqınlıg`ı, olardın` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwında ayırmashılıg`ının` joqlıg`ı atalg`an salıqlardın` ha`mde jerdi birdey qollang`anlıg`ın ko`riwge boladı.

Mong`ol xanları siyasatına muawapıq, Gazan xan reformasınan keyin salıq jıynaw qatan` ta`rtiplestirildi. Jazlıq ha`m gu`zlik o`nimlerdi alıwdın` son`g`ı mu`ddeti o`nimdi jıynag`annan keyin 20 ku`nnen o`tpewi kerek edi. Bul g`aznag`a tiyisli salıqtı salıq to`lewshi o`z transportı menen o`zine jaqın bolg`an jerge aparıwı tiyis edi.

Mong`ollar da`wirindegi awır salıqlardın` biri – qayta o`temi boldı. Bul boyınsha jergilikli adamlar pochta stantsiyaları ha`m ondag`ı xızmetkerlerdi bag`ıwı tiyis edi.

Mong`ollar waqıtındag`ı jazba dereklerde salıq to`lewshi xalıqtın` shabarman (kur`er)lardan ko`rgen azabı jo`ninde aytıladı. Ha`tteki mong`ollar ma`mleketinin` iri chinovniklerinin` biri – Rashidaddinnin` o`zi mong`ollardın` o`z basımshılıg`ı jo`ninde pikir aytıwg`a ma`jbu`r bolg`an.

Mong`ollardın` ha`r bir xanı, Xatun, A`mir, mın`bası, ju`zbası, ha`r tu`rli oblastlarg`a tapsırmalar menen shabarmanlar jiberilgen. Jergilikli adamlar shabarmanlar menen ju`rgen adamlardı da bag`ıwı tiyis edi. Bug`an basqa xalıq shabarmanlardı transport penen ta`miynlewi kerek edi. Ha`r bir pochta da`rbentinde shabarmanlar ushın belgili da`rejede at – jılqı saqlanatug`ın bolsa da olar jetispeytug`ın boldı. Sebebi shabarmanlardın` sanı ko`p bolg`an. Shabarmanlar joldag`ı xalıqtı ha`r ta`repleme qıstı.

Da`rbent – jol salıg`ınan otırıqshı xalıqlar zıyan ko`rip qalmay, qatardag`ı a`piwayı ko`shpeli mong`ollarda jıynalg`an. Ko`shpeliler shabarmanlardı jılqı at

penen ta`miynlegen. Ayırım waqıtları xan shabarmanları jaylawdag`ı atlar u`yirin de alıp ketip ju`rgen.

Shabarmanlar sawda jollarındag`ı ka`rwanlardı jalqılardı, ondag`ı azıq-awqattı tonap alıp jolda adamlardın` nabıt bolıwına jol qoyg`an[1].

Esapsız shabarmanlardın` ko`beygeni sonshelli – qaraqshı menen tonawshılar o`zlerin shabarman dep ja`riyalap, xalıqtın` sawda ka`rwanların, ha`tteki shabarmanlardın` o`zlerin de tonaytug`ın bolg`an. Shabarmanlardın` ishinde xan ju`girdekleri zulımlıqtı arttırg`an. Xan shabarmanları qanday da bir esapqa kelgende birinshi ushırasqan adamdı azaplap, Rams yamasa starshini yaki ha`kim u`mitin ko`rsetiwdi talap etken.

Evropalı sayaxatshı Gonzales de Klavixo Timur da`wirinde (XIV-XV a`a`. bası) burıng`ı mong`ollar waqıtında-aq elshilerdin` azapların jazıp qaldırg`an.

Evropalı Klavixannın` bul mag`lıwmatlarında mong`ollar da`wirindegi Rashidaddin jazg`an mag`lıwmat dereklerdin` tastıyıqlang`anın ko`remiz. Shabarmanlar tek g`ana kalim yaki azıq-awqat talap etip qoymay xalıqtı tonag`an. Olar tonag`an jerinde sebepsiz ja`njel tawıp o`zlerine waqıtınsha pana bergenlerdin` mal-mu`lkin tartıp alg`an. Bul jerde talang`an zatlar alınıp, ekinshi jerde satılatug`ın bolg`an.

Rashidaddin mag`lıwmatı boyınsha shabarmanlar Qıtay yaki İndiya sawdagerlerine qarag`anda ko`birek sawda islegen. Bunday qorlawlardı ko`rgen Rashidaddin diyxanlardın` o`z jerlerin qalayınsha islegenine hayran qaladı.

Joqarıda keltirilgen mag`lıwmatlar mong`ollar da`wirinde Orta Aziya jerlerinde miynetkesh xalıq massasının` awhalının` to`menligin ko`rsetedi.

Pochta da`rbenti salıg`ı tek g`ana eginshilik penen shug`ıllanıwshı xalıqtın` basına tu`sken mu`siybet bolmay, ko`shpeshilerdin` to`mengi qatlamlarına da zıyanın keltirgen. Qatardag`ı ko`shpeli mong`ollar pochta alım-salıg`ınan paydalana almadı. Bul artıqmashılıqtan tek g`ana a`skeriy feodallar basshıları, jergilikli basqınshılarg`a hadal xızmet etken adamlar g`ana paydalang`an.

---

[1] Рашидаддин. Жылнамалар жыйнағы. Т. III .264-бет.

Biraq, mong`ollardın` miynetkeshlerdi qısıwı bular menen sheklenbedi. Rashidaddin o`z mag`lıwmatlarında bir shabarman to`rt ay bir bay adamda jasap xojalıqtag`ı baylıqtın` sharbısına zıyan keltirgen. Shabarmanlar ha`r qıylı xalıqtan mın`lag`an gilem, ko`rpe-to`sek, ıdıs-tabaq h.t.b. zatlar alg`an. Olar o`z ko`liklerin gu`llengen bag`larda, eginzarlarda aydap bir ku`nde bu`ldirip, sho`listanlıq payda etken.

Joqarıda keltirilgen salıqlardan basqa ko`plegen qosımsha salıqlar da boldı. Olar da xalıqqa awır tu`sti. Mısalı: «Kalan» dep atalg`an salıq o`zlestirilgen jer yaki bag`lardan alındı. Akademik V.V.Bartol`d «Kalan» o`zlestirilgen jerler menen bag`lardan alıng`an edi. Basqa bir ilimpaz – A.M.Belenitskiy og`an qarsı pikir aytıp «Kalan» termini olar ma`nisinde qollanbag`an deydi. A.M.Belenitskiy pikirinshe rekurt (a`sker) bag`ıwg`a arnalg`an salıq bolıp oblastag`ı vasallar ta`repinen xanlardı qollaw ushın to`lengen deydi[1].

Shınında da V.V.Bartol`d haq bolg`an. Orta Aziya jerlerinde rekurt ma`nisinde «Xashar» (Cherik) tu`sinikleri paydalanıladı. Mong`ollar, Shıng`ısxan ju`rmeleri da`wirinde-aq basıp alg`an jergilikti xalıqtan amal qılıw h.t.b. jumıslar ushın Xasharg`a alaman aydag`an. Jazba dereklerde bul jo`ninde ko`plegen mag`lıwmatlar ushırasadı.

Bul keltirilgen mısallardan basqa ko`plegen adamlar bolg`an. Rashidaddin mag`lıwmatlarınan bir g`ana jol babında salıq jıynawshılardın` sanı İranda on mın`g`a jaqın bolg`anın ko`remiz.

Rashidaddin ha`tteki joldı qorg`ag`anı haqqında qarawıldan o`ndirilgen salıq ko`lemin ko`rsetedi: to`rt eshek ju`kten yarım aqsha begi eki tu`ye ju`ktende sol quramda bag`ı salıg`ın alg`an.

Mong`ollar u`stemligi da`wirinde sawda jollarında ta`rtipsizlikler u`stemlik etti. Rashidaddin kitabında sawda jollarındag`ı qaraqshılıq ha`reketti ko`rsetetug`ın mag`lıwmatlar bar. Qaraqshılardın` ko`pshiligi mong`ollardan turadı. Bunda

[1] Беленицкий А.М. К вопросу о социальных отношениях в Иране. Советское востоковедения T.V. 117-стр.

jollardag`ı biytanıs jag`dayda sawda rawajlanbadı, qalalar ha`m oblastlar arasındag`ı almasıw ha`lsiredi.

Jazba dereklerde basqa da ayrıqsha salınatug`ın salıqlar bolg`an. Bunday salıqqa deyin bolg`an razverestkanı aytıw kerek. Ayrıqsha salıqlardı alıw ushın arnawlı termin «nemari» jallanıldı. Bul mong`olsha qosımsha qosıw degendi an`latadı. Akademik V.V.Bartol`d birinshi ret bul termindi Orta Aziyada Ani meshiti jazıwın oqıp paydalanadı.

Joqarıda keltirilgen salıq tu`rleri, alım-salıqlar mong`ollar da`wirinin` barlıq salıq sistemasın qamtımaydı. Olardan basqa da salıq alımları bolg`anı mu`mkin. Keltirilgen dereklerde ko`plegen salıq alımlarının` ko`lemi belgisiz. Biraq, Orta Aziya miynetkeshlerinin` qanday alımlar to`legeni belgili bolıp qaldı.

A`lbette, salıqlardı o`ndiriw usılları da awır bolıp xalıqtın` ha`dden tıs jarlılıg`ına, bu`linip-posıwına alıp kelgen. Salıqlardı jıynawda ko`p qollang`an usıl «satıp alıw» sisteması boldı. Bul sistema mong`ollar da`wirinde ko`p qollanıldı. Mong`ollarda Orta Aziya jerlerine kelemen degenshe to`men ma`deniyat, basqarıw chinovniklik apparatı ha`lsiz boldı. Rawajlang`an ma`mleketlik chinovniklik apparatqa iye bolmag`an, olar salıq jıynawdın` an`sat, qolay jolın satıp alıw (ot kup) usılın tan`lag`an. Mong`ollarda salıq jıynawshılar qanday jol menen olardı o`ndirip atırg`anı qızıqtırmadı.

Orta Aziyadag`ı Chag`atay ulısında barlıq salıq jıynaw bir adamg`a satıp alıwshı da`slep Maxmud Yalavauka, son` onın` balası Masudbekke tapsırılg`an[1].

Satıp alıwshı – salıq da`ldalları sawda menen baylanısta bolg`an feodallardan turdı. Olardan basqa iri chinovniklik byurokratlardan bolg`an adamlarda qatnastı. Bul adamlar tek g`ana atkunshekler bolıp qalmay – oblast` basqarıwshıları da esaplandı. U`shinshiden salıq jıynawshılar jarlı feodallardan da bolg`an. Sog`an qaramay olar jumıstı aktivlestirgen.

Salıq o`ndiriwlerde satıp alıwshılar qanday jol menen ha`reket etken. Olar su`txor (rostovshik)dan protsent penen aqsha qarız aldı, son` salıq to`lewshi jarlı

[1] Өзбекистан тарийхы. I-том, 42-43-бет.

atınan g`aznag`a salıq to`ledi. Son`ınan a`lbette bul summa biyshara jarlı salıq to`leytug`ınnan bir neshe ese ko`birek o`ndirilip alındı.

Satıp alıwshılar arasında musılman ruwxanıyları da bolg`an. Musılman ruwxanıyları mong`ollar da`wirinde burıng`ı pravoların saqlap qaldı, ha`r qanday alımlardan qutıldı. Sol da`wirdegi bir informatordın` aytıwınsha «oblastlardag`ı satıp alıwshılar sol waqıttag`ı adamzattın` jerkenishli ullarının` biri» bolg`an. Satıp alıwshı (otkupshik) divan (ha`kim) menen dogovor du`zgende joqarı lawazımdag`ı chinovniklerge para bergen. Olar o`zleri ısrap etken summalardı jıynap alıw ushın xalıqtan salıqtı bir-neshe iret ko`birek alg`an.

Oblast` basshıları para beriw jolı menen tayınlanadı. Sonın` ushında o`z qaltaların toltırıw ushın ha`reket etken. Satıp alıw (otkup) sisteması o`z gezeginde feodalizm da`wirindegi en` unamlı qubılıslardın` biri su`txorlıqtı (rostavshilik) keltirip shıg`ardı. Su`txorlıq mong`ollar da`wirinde ko`p taradı. Su`txorlar qarız bergen aqshadan ha`m protsent payda bolg`an.

Budan basqa mong`ollar da`wirinde de jerden paydalanıwdın` tiykarg`ı forması «ikta» boladı. İkta boyınsha jer iyesi jerinde otırg`an diyxanlardın` feodallıq renta (salıq) o`ndiriwge haqılı boldı. XII a`sir aqırına kelip, ikta atadan balag`a na`sil bolıp qaldırıldı musılman yurist-huqıqtanıwshıları ta`repinen moyınlanbag`an.

Feodallar toparı qanday jol menen bolsa da o`zlerinin` jer u`leslerin ko`beytiwge urındı. Biraq, Orta Aziya jag`dayında jer menen birge suw qatlamları u`lken a`hmiyetke iye boldı. Suwsız jerdi o`zlestiriw mu`mkin bolmaydı. Sonın` ushın da tek g`ana jer maydanları ushın emes al, suwg`a iyelik etiwge, bayıwg`a ha`reket etedi.

Jerdin` kimge tiyisli bolıwına qaray jer tiykarg`ı eki kategoriyag`a bo`linedi. Birinshi - ma`mleket jerleri – «divani». Musılman zakonlıqlarınan avtorları - ma`mleket jer musılmanlar ta`repinen alınıp ma`mleket mu`lkine aynalg`an jerlerdi jatqaradı. Ma`leketlik jerler diyxanlarg`a paydalanıwg`a yaki olarg`a birotala inam etilgen. Bunda olar «Xaradgi» dep atalg`an salıq to`ledi[1]. Ma`mleketlik jerler

[1] История Народов Узбекистана. Т. I. 233-234-стр

sonın` menen obshina, jeke diyxanlar jeri menen aralasıp ketti. Ma`mleket diyxanlardı ezetug`ın tiykarg`ı ku`sh bolg`an. Mong`ol jawlap alg`anlarınan keyin, burıng`ı jer iyelerinen jerden konfiskatsiyalaw jolı menen ol burıng`ı iyelerinen ma`mleketke o`tti. Biraq san jergilikli feodallar, chinovnikler mong`ollarg`a hadal xızmet ushın, yaki satıp alıp o`z jer u`leslerin ko`beytti. Na`tiyjede ma`mleketlik jerler maydanı azaydı, kerisinshe onın` esabınan jeke menshikke tiyisli bolg`an maydanlar ko`beydi. Bul ma`seleni Sovet tariyx iliminde akademik İ.P.Petrushevskiy[1] ha`m Azerbayjan ilimler akademiyasının` akademigi A.A.Ali-Zada[2] arnawlı islep shıqtı.

Mong`ollar da`wirinde ekinshi kategoriyadag`ı jerler bul xan a`wladlarına tiyisli bolg`an mu`lk bolıp ol «İndju» dep atalg`an. İndju de mong`ollar da`wirinde ken` taralg`an jeke menshiktin` tu`ri bolg`an. «İndju» jer kategoriyasınan alıng`an payda, xan sarayı ha`m xızmetkerlerdi bawıwg`a jumsaladı.

«İndju» tu`siniginin` kelip shıg`ıw na`tiyjesinde rus ha`m Sovet tariyx iliminde ko`p qaralg`an. Akademik B.Ya.Vladımirovtın` boljawı boyınsha «İndju» tu`sinigi da`slebinde ko`pshilik mong`ollardan ku`yewge uzatılg`an qızg`a qalın` mal qatarında berilgen adamlar kategoriyasına aytılg`an[3].

İlimpaz A.A.Ali-Zada ma`mleketlik mal-mu`lkti saqlaytug`ın adamlarg`a «İndju» so`zi qosılatug`ını aytılg`an.

Akademik İ.P.Petrushevskiy «İndju» so`zi degende mong`ol xanlarının`, patsha u`ylerine bekingen xızmetkerler ha`m olarg`a (mong`ollarg`a) bag`ıshlı bolg`an adamlarg`a aytılg`an degen pikirde[4].

Joqarıda ko`rsetilgen pikirlerden biz «İndju» tu`siniginen ha`r tu`rli ma`niste qollanılg`anın ko`remiz.

«İndju» so`zi qanday ma`nide aytılıp otırg`anın konkret tekste bul so`z ne ma`nisinde qolanılıp atırg`anın biliw kerek. Mong`ollar da`wirindegi jazba

---

[1] Петрушевский И.П. Земледелие … 237-стр.
[2] Али-Зада А.Земельная политика. Илхамов в. Азербайжане (XIII-XIV в.в.) Баку. 5-21-стр.
[3] Владимиров Б.Я. Общественный строй монголов. 100-стр.
[4] Петрушевский И.П. Земледелие и аграрное отношение в Иране. 240-стр.

mag`lıwmatlarda «İndju» termini mong`ol xalqına tiyisli bolg`an yaki xan tuqımına tiyisli bolg`an adamlardı tu`siniw mu`mkin.

Mısalı mong`ol xanları da`wirinde (XIV a`.) Persiyalı wa`zir, ma`mleket xızmetkerleri, tariyxshı Rashidaddin Xulagu da`wirinde Orta Aziya, İran jerlerinde patsha adamı Argunga Marjid al-Mulk degen kisi xat jazıp o`zi Parevich Argunnın` «indju»i ekenin bildirgen. Basqa bir jerde Rashidaddin Shag`atay xanı biraq Xorisan jerlerinde ju`ris qılıp A`mir qıpshaq penen ja`njeli aytıladı. Avtorus jerde Segekti degen adam patsha Ugadeydin` A`miri Qıpshaqqa «indju» ekenligi aytıladı[1].

Ayırım jag`dayda «İndju» so`zi o`zin xan g`amxorlıg`ına bergen, yaki patsha a`wladı, ha`kimi moyınlap onı g`amxorshı dep og`an g`a`rezli bolg`an adamlarg`a da aytılg`an.

Rashidaddinnın` ko`rsetiwinshe, Gazanxan da`wirinde arnawlı pa`rman shıg`ıp, Altın Orda, urısındag`ı barlıq tutqın, bendelerdi satıp alıp bir jerge jıynap, xan qaramag`ında bolg`an arnawlı otryadlar du`zgen. Olar ma`mleket qaramag`ındag`ı «indju» dep esaplang`an Rashidaddinnin` ko`rsetiwinshe bul adamlar xandı qorg`awshı (teloxranitel`) bolıp, mong`ol ha`kiminin` Orda qonısın qorg`ag`an.

Xang`a «indju» boyınsha bag`ınıshlı bolg`an kategoriyadag`ı adamlarg`a ba`rinende burın barlıq a`skerler, xan sarayının` xızmetkerleri jatqan. İndju kategoriyasına kiriwshiler ha`r tu`rli usloviyadag`ı adamlardı imam etiw jolı menen de ko`beydi. Olar xan Tsarevich, patsha xatını, yamasa bay-aqsu`yeklerge, jeri menen inam etilgenler bolıp esaplanadı. Olardı ha`kimler g`amxorshı bolıp qorg`ag`an. Rashidaddin o`zinin` jazıwlarında ulag ha`m shabarmanlardı azaytıw jo`ninde jazıp, Gazanxan da`wirine deyingi xarakterli mag`lıwmatlar keltiredi. Onda Valeyat xalıqları (Orta Aziya) o`z balaların indjuge berip (yag`nıy patsha a`yelleri, a`mirlerge bergen) bul xızmetleri ushın ayırım sıylıqlar alg`an[2].

---

[1] Рашидаддин Сборник летописей. Т. III. 73-стр.
[2] Рашидаддин «Шығармалар жыйнағы» т. III. 263-стр.

Sovet tariyxshıları «indju» tu`sinigin Orta a`sirlerdegi batıs Evropa ellerinde qollag`an patronat tu`sinigi menen baylanıstıradı. Patronlıqqa o`tiwshiler arnawlı dogovor du`zip, akt arqalı bekitilip ku`shli aq-su`yek, ha`kim g`amxorlıg`ına o`tken. Bunda olar ayırım ma`mleket chinovniklerinin` – zorlıq zombılıg`ınan qutılg`an.

Patronlıqqa o`tiw aktinde arza beriwshi Sen`org`a qa`wipsizlikti ta`miynlewdi, a`skeriy xızmetke alıw, aqshalay ja`rdem beriwdi sorag`an. Sonın` menen qatar vassolıqqa o`tiwshi o`z jerinde, xojayin (patrong`a) bergen. Biraq, ol jerdi patron vassalag`a Feod (jerdin` imamı) o`tip qaytıp bergen.

İzertlewshiler bul jag`daydı bılay jazadı: «Chinovnikler, sud`yalar, paydaku`nen su`txorlardın` o`zlerin qorg`aw ushın mayda diyxanlar qandayda bir abroylı adam patron qaramag`ına o`tken. Bunday jag`dayg`a (erikli o`tiw) tek g`ana ayırım diyxanlar g`ana emes, al pu`tkil obshina (ja`ma`a`t) o`tetug`ın bolg`an. Patron olarg`a arnawlı sha`rt qoydı. Ol sha`rtte olar o`z uchastkalarına patronnın` iyelik etiwin moyınladı, patron o`z gezeginde diyxanlarg`a o`mirlik jerden paydalanıwg`a mu`mkinshilik berdi»[1].

Solay etip, Orta Aziya jerlerinde «İndju» termini ulıwma alg`anda ha`kimlik etiwshi u`yge g`a`rezli bolg`an adamlar tu`sinigin bildirgenin ko`remiz. Shınında da mong`ollar da`wirinde olardın` qol astına o`tken eller xalqı chinovnikler, shabarmanlar, bitikshiler, paydaku`nemler t.b. zorlıq zombılıg`ınan qutılıw ushın qanday da bir patsha ha`kim jaqın qaramag`ına o`tken, biraq, bunday erikli o`tiw olardı feodalizmge ta`n bolg`an ayawsız ezgiden, zorlıqtan, o`z basıshmalıqtan qutqarmadı, kerisinshe patronatlıq sisteması (yag`nıy «indju») baylanıslı adamlardın` ko`beyiwi feodallıq iyararxiyanı ku`sheytti, krepostnoylıq jag`dayg`a tu`siwshilikti ku`sheytti.

Biz joqarıda indjuge tu`sken a`piwayı diyxanlar jag`dayına toqtaldıq. Endi, indju ta`rtibin moyınlag`an feodallar halı qanday boldı degen soraw tuwıladı. Feodallar ushın «indju» tu`sinigi feodallar yaki iri ma`mleketlik chinovnikler ushın

[1] Молнголо-татары в Азии и Европе,.234-б

olardın` o`zin mal-mu`lk, ma`mleketke yaki xan dinastiyasına o`tti degendi an`lattı. Bul feodallıq xan yaki patsha ta`repinen qorg`awdı garantiyalaydı[1].

Sonın` menen qatar bul adamlar o`zlerinin` g`a`rezsizligi, o`z puqaralarına degen u`stemligi ha`m pravoların saqlap qaldı.

«İndju» kategoriyasındag`ı adamlarg`a tek g`ana diyxanlarg`a jer iyeleri g`ana enbey, o`nermentshilerde kirdi. Onermentshiler de mong`ol xanlarına bag`ınıshlı bolıwına qaray «indju» jag`dayına tu`sti. XIV a`sir avtorı Rashidaddin Axmed xan ha`m Argunshax ortasında ja`njelde Argunshaqqa tiyisli bolg`an 300 o`nermentshini «indju» alıp ketkenligin aytadı.

Basqa bir Xulaguler İran avtorı tariyxshı Vassaf Buxara qalasında Shıng`ıslar u`yine tiyisli bolg`an o`nermentshilerdi bo`listiriw jo`ninde jazadı.

Joqarıda keltirilgen mısalda biz o`nermentshilerdin` de «indju» qatarına jatqanın ko`remiz. A`lbette, olardın` awhalı to`men boldı. Olar vassal feodallarg`a qarag`anda to`men awhalda jasadı, pravosız boldı.

Akademik İ.P.Petrushevskiy, jazba dereklerdi puxta u`yreniw jolı menen «indju»ge tek g`ana ayırım adamlar yaki ko`shpeli qa`wimler g`ana o`tip qoymay, al qalalarda qarag`anlıg`ın aytadı[2]. Qalalardın` «indju»ge aynalıwı – degende a`lbette, sol qalada jasawshı o`nermentshiler sawda iyelerin ko`zde tutıw kerek.

Mong`ollar da`wirindegi jazba dereklerde «indju» jer iyelerinin` eki forması belgili. Atap aytqanda «indju» ha`m «indju Xass» (yaki «Xass indju»).

Birinshi kategoriyadag`ı («indju») jerlerge barlıq xan a`wladlarına tiyisli jerler jatqan.

Ekinshisi («Xass indju») mong`ol ma`mleketinin` basshısı xang`a tiyisli jerler bolg`an.

İndju jag`dayında jerge kim tikkeley iyelik etken. Onnan tu`setug`ın doxod qalay bo`listirilgen? - degen sorawlar tuwıladı. Jer iyesi qanday pravog`a iye, ol jerler atadan balag`a qalg`an ba? - degen sorawg`a da juwap beriw kerek. Bul

---

[1] Али-Зада А.А. К вопросу от института «инджу» в Азербайжане. Сборник статей по истории Азербайжана. Т. I. 107-108-стр.

[2] Петрушевский Ч.П. Земледелие и земельные отношения в Иране. 243-стр.

sorawlarg`a juwaptı «indju» kategoriyasına jetken jer ma`selesin teren`irek u`yreniw arqalı tabamız.

Jerge jeke menshiklik etiwdin` xarakterli o`zgesheliklerinin` biri jer iyesinin` paydası ushın feodallıq renta o`ndiriw bolıp tabıladı. Bul «indju» kategoriyasına engen jer iyeleniwshilikke de ta`n.

Tariyxshı Rashidaddin o`z dereklerinde 1266-1267 jj. Xorosang`a mong`ollar ayına salıq jıynawshı Musabektin` kelgenin aytadı. Ondag`ı Musabektin` maqseti Orta Aziyadag`ı mong`ollar xanı Boraktın` paydası ushın bul jerlerden «indju» esabınan salıq jıynaw edi. Bul jo`ninde Rashidaddin bılay jazadı: «Joqarıda aytılg`an qıs aylarında yag`nıy 1266-1267 jj. wa`zir Masurbek, Maxmud Yalovachtın` balası Kaydu ha`m Borak atınan kelip olardın` paydası ushın İndju esabınan esaplasıwdı talap etti[1].

Rashidaddin menen qatar tariyxshı Vassaf ta o`z dereklerinde Argunxan o`lgennen keyin onı indjuden tu`sken doklardarın g`azenxan paydalang`an.

XIII-XIV a`a`. tariyxshılardın` da Xulagunler ma`mleketinde «İndju» kategoriyasındag`ı jerlerden tu`sken salıq ko`p mug`dardag`ı summanı qurag`an.

«İndju» jerlerinen tu`sken doxod arnawlı divang`a tu`sken. «Divani indju» dep atalıp onı basqarıw «Xokimati indju»ge tiyisken. Mong`ol xanı indju jer iyeleniwshiligi islerin basqarıwshı chinovnik (ha`kimleri) tayarlag`an. Onı jazba dereklerde «Xokim indju» dep ataydı.

«İndju» kategoriyasındag`ı jerge iyelik etiwdin` ekinshi xarakterli belgisi bul – jerdi atadan balag`a miyras etip qaldırıw bolıp tabıladı. İndju jer iyeleniwshiligi boyınsha mong`ol xanlarının` balaları atalar jerine iyelik etken. Bunı biz tag`ı da Rashidaddin mag`lıwmatlarına su`yenip u`yrensek boladı. Rashidaddin - o`z dereklerinde bılay dep jazadı: «Eki ta`repke de tuwısqanlıq zakonı taraydı. Bagdıy jaylawları Gazana ha`m Sind jaylawlarına deyin bizin` atalarımız benen a`jelerimizge tiyisli boladı[2].

---

[1] Рашидаддин. Сборник литописей. Т. III. 101-стр.
[2] Рашидаддин. Сборник литописей. Т. III. 455-56-стр.

Bul so`zlerdi Orta Aziya u`stemlik etken mong`ol xanları Borek İrandag`ı u`stemlik etiwshi mong`ollar ha`kimine aytqan.

Bul kategoriyadan biz indju ta`rtibine tiyisli jerlerge qon`sı walayatlardan kelip daw salg`anlardı ko`remiz. Biraq, mong`ol a`wladları o`z jerlerin sırttan kelgenlerge bermey qorg`ap turg`an.

Mong`ol xanı Abaga waqıtında mong`ollardın` eki Shaxtiy ha`m Xuligundlar İranında o`z-ara a`skeriy urıslar ku`sheydi.

Joqarıda aytılg`anınday-aq «indju» jeri xan ta`repinen basqa adamlarg`a sıylıq iretinde beriliwi mu`mkin. Mısalıg`a: – Orta Aziyadag`ı mong`ol xanı Borak – Bagdis jerlerin (İranda) iyelep, bul jerlerdi o`zinin` «indju» dep esaplap bagdiy jaylawların a`mir Misururg`a jaqsı xızmetleri ushın inam etken. Rashidaddin mag`lıwmatlarında biz Gazan xan vlast` basına keliwden-aq og`an ja`rdem etken Nadjibaddin Farrash degen adamg`a o`zinin` «indju» dep esaplag`an Zirabad awılına iman etken. Bunnan basqa og`an Gazan xan tarxan gramotasın, g`aznashı lawazımın, onın` balalarına jan`a jerler bergen.

Shagatay xanı Borak o`zinin` Xorosong`a ju`rgizgen shabıwlarının` birinde o`z ta`repinen Gerat ha`kimlerinin` biri Shensaddin Kurttı qaratıp og`an ha`r tu`rli jerlerdi, zatlardı inam etken. Bunda ol ha`kimge «Xorason wa`layatın» inam etiw dıqqatqa ılayıq. Yag`nıy ol (Borak) Xorosan jerlerin indju etip bergen[1].

Mong`ollardın` islamdı qabıl etiwi menen indju kategoriyasındag`ı jer iyeleniwshilik o`zgeredi, basqasha aytqanda indju (vaqf) kategoriyasına aytılg`an.

Mong`ol jawlap alıwları da`wirinen baslap-aq mong`ol xanları ko`p mug`darda musılman ruwxınıylarına ko`p mug`darda jerler imam ete baslag`an.

Joqarıda aytılg`anlar menen qatar indjudi tek g`ana mong`ol xanları yaki patshalar sem`yasına tiyisli dep qaraw u`lken qa`telik bolar edi. İndju kategoriyasındag`ı jerlerge vassallar jerinde, puqaralar u`lesin de olardın` patnong`a jeke bag`ınıwshılıg`ı tiykarında tiyisli.

Feodal yaki erkin jer iyesi xan wa`killerine g`amxorlıqqa o`tiw menen o`z jerinde paronga inam etip bag`ınıshlı boldı. Bul jerde oqıwlıqlardag`ı patronatlıq

[1] Рашидаддин. Сборник литописей. Т. III. 87-стр.

haqqındag`ı pikirge toqtayıq. «Xojain olarg`a (vassallarg`a) sha`rt qoyıp o`zine jer u`lesleri u`stinen ha`kimshilik etiwge, al o`zi bolsa vassallardı jer u`lesleri menen ta`miyn etiwge wa`de berdi»[1].

İndju jag`dayında jasag`an diyxanlardın` ahwalı ju`da` to`men boldı. Jazba dereklerge qarag`anda diyxan jerdi islew menen birge o`nimnin` u`shten bir bo`legin aldı, xojayınge o`niminin` eki bo`legin berdi.

Endi biz indju ha`m diyxan jerlerinin` qalay rawajlang`anın alıp qarayıq. Orta Aziya, İran jerlerin bag`ındırg`an mong`ollar jergilikli feodallardın` ekonomikalıq jaqtan ha`lsiretiwge urınıp, olardı g`a`rezsizlikke tu`siriwge ha`reket etti.

Jawlap alıwdın` da`slepki jıllarında mong`ol xanları Maverennaxr ha`m Xorezm ha`kimlerinin` jerlerin basıp aldı. Bul jerlerdin` bir bo`legi mong`ollardın` a`skeriy-ko`shpeliler aristokratiyasına o`tti. Ekinshi bo`legi indju ha`m diven jerlerine aylandı. Mong`ollar kelemen degenshe patsha (Xorezm shaxları) awıllarına tiyisli bolg`an jerlerdi indju kategoriyasına o`tti. Bunnan basqa İran territoriyasında ma`mleket ha`m xan jerlerin ko`beytiwdin` mınanday metodı ken` en jayg`an. Bul siyasatqa muwapıq iri chinovnikler jeri (saxib – divani) olar joq etip o`ltirgennen keyin «indju» yaki «divan»g`a aylandırılg`an.

Mong`ollar u`stemligi basıp alıwshılıq siyasatı da`wirinde siyasiy-sotsiallıq jag`daylar o`zgerdi. Maverennaxr jerlerindegi feodallardın` huqıq jag`daylarında pu`tkilley o`zgerisler boldı. A`lbette mong`ollar ko`shpeli bolg`anı menen arqa Qıtaydag`ı ma`deniyat rayonların basıp alıwdan eginshilik maydanlarının` paydalılıg`ın jaqsı tu`sindi. Sonın` ushın da jan`a jer u`leslerine iyelik etiwge umtıldı. Usı maqsette mong`ollar Orta Aziya jerlerin basıp alg`annan keyingi birinshi on jıllıqlarda jergilikti xalıqtı jer u`leslerinen ayırdı. Rashidaddin o`zinin` «Jılmanalar jıynag`ı» kitabında bul jo`ninde bılay dep jazadı: «Olar (mong`ollar) ba`rqulla zorlıq etip, ku`sh penen awıl ha`m qonıslardı basıp aldı[2].

---

[1] История средних веков. Т.2..

[2] Рашидаддин. Сборник летописей,. т. III.121-стр.

Mong`ollar da`wirinde Samarqandta bolg`an Qıtay sayaxatshısı Chan-Chun` mong`ollar basıp alg`annan keyingi Samarqandtag`ı jag`dayın su`wretleydi: «Qala bag`lar ha`m atızları ko`binshe xoy xesskilerdiki (yag`nıy jergilikli adamlardın`), jerlerinde paydalana almaydı, adamlardın` u`stinen ha`kimlik ete almaytug`ının aytadı. Jergilikli adamlar o`z jerlerin qıtaylılar, kidanlar (mong`ol menen kelgenler) menen birgelikte islewi sha`rt bolg`an. A`lbette, bul jerden mong`ollarda o`z u`lesin alg`an. Chan-Chun` bul jerlerdin` ha`kimleri de, aqsaqalları da basqa jaqtan kelgen ha`r tu`rli qa`wim wa`killerinen qoyılg`anın aytadı[1].

Chan`-Chunnın` bul mag`lıwmatlarınan mong`ol xanlarının` ha`r qanday jollar menen jer massivlerin iyelewge urınıp, jerdi paydalanıw o`zlerinin` vlastının` ku`sheytiwdin` ekonomikalıq negizi dep bilgen. Sonın` ushın da olar o`z dushpanların jergilikli feodallardı jerden ayırıwg`a urıng`an.

Jer Orta a`sirlerde feodallıq ja`miyettin` tiykarı bolıp jer iyesi feodaldın` qolında o`ndiris penen shug`ıllanıwshını eziwshi, diyxandı ma`jbu`rlewshi jeke menshikke aylandı. Da`slebinde mong`ol a`skerlerine Rashidaddin mag`lıwmatlarında jerdin` berilmegenligin bilemiz. Rashidaddin Gazan xan reformasına deyin mong`ol a`skerlerine aylıq-napaqa, kiyimge, aqsha, ikta yaki tagar berilmegenin jazadı.

«Burıng`ıları deydi Rashidaddin, barlıq mong`ol a`skerlerine aqshalay sıylıq berilmegende - a`skerlerge mong`ollardın` burıng`ı zonaları ju`rip olarg`a is haqı jılqı, qoy, o`giz, kiyiz, azıq-awqat ha`m tag`ı basqa zatlay haqı berilgen»[2].

Bul jag`day Shıng`ısxan da`wirine ha`m mong`ol jerlerine tiyisli bolsa kerek. Rashidaddin, son`ınan basqa qalalar waqtında azıq-awqat napaqa – (tagar) berile baslag`an. Bul napaqa bir ku`nnin` esabınan alınıp ayg`a ko`beytilgen. Bunday napaqalar, mong`ol xanları u`stemligi da`wirinde a`lbbette, eziwshi salıq to`lewshiler esabınnan bolıp, mong`ol xanları ushın paydalı edi. Budan basqa

---

[1] Бартольд В.В. Туркистан в эпоху монгольского нашествия т. I. 63-стр.
[2] Рашидаддин. Сборник летописей, т. I. 128-стр.

mong`ol xanları ko`shpeli a`skerlerge qarıw-jaraq, er-tumın, azıq-awqattı eziwshiler esabınan o`ndirip berdi.

«Biraq, mong`ol a`mirleri, Noyon – feodalları ertedegi mong`ol xanları da`wirinde-aq o`zlerinin` atag`ı, da`rejesine qaray tagar (azıq-awqat, napaqa) alatug`ın bolg`an. Son`ınan mong`ollar otırıqshılar jerlerin basıp ala baslag`an da`wirden baslap, qolg`a kirgizgen jerlerden jer u`leslerin alıwg`a ha`reket etti. Endi olardı mong`ol xanları beretug`ın azıq-awqat o`nimleri qızıqtırmadı. Rashidaddin ko`plegen a`skerlerdin` o`z pomest`ya (xojalıqqa) iye bolıwg`a urınatug`ınlıg`ın aytadı[1].

Mong`ol xanları ku`shli a`skerge (armiyag`a) iye bolmay basıp alg`an jerlerdegi xalıqtı uslap tura almaytug`ınlıg`ın, vlast` basında tura almaytug`ınlıg`ın tu`sindi. Sonın` ushın da mong`ol xanları ko`shpeli a`skerlerdin` ma`pin go`zlep reformalar o`tkerdi. Usınday reformalardın` biri 1303-jıl Gazanxana ta`repinen İranda bolg`an reformag`a muwapıq jer musılman - sha`riyat zan`ı mong`ollar yasasına tiykarlanıp berildi. Bunday ta`rtip Orta Aziya jerlerinde (Maverannaxr, Tu`slik Tuırkstan) bolg`an degen pikir bar[2]. Reforma boyınsha barlıq a`skeriy adamlarg`a jer uchastkaları bekitildi. Bul a`skeri ikta bolıp, bug`an xalıq jasaytug`ın territoriyalar, jaylawlar, suwg`arıw sistemaları, egislik - ko`klemzarlar endi.

Mong`ollar da`wirindegi ikti atadan balag`a miyras bolıp qaldı. Qanday da bir ikta iyesi qaytıs bolsa onın` ikta jerleri balasına qaldırıldı. Biraq, ikta miyras esaplang`an menen onın` iyesi yuridikalıq jaqtan jerde kimde bolsa birewge satıwg`a, sıylıqqa beriwge, qalın` iretinde inam etiwge haqılı bolmadı.

Biraq, sonı aytıw kerek mong`ollar da`wirindegi ikta Orta Aziyadag`ı XI-XII a`a`. ikta ta`rtiplerinen o`zgeshe boldı. Orta Aziyada Sel`djukler da`wirinde (XI a`.) ikta iyesi o`zine bekitilgen jerlerden jer rentasın alıwg`a haqılı bolsa, mong`ollar da`wirindegi iktalar (ikta iyesi) jerden salıq alıp g`ana qoymay divan

---

[1] Сонда 132-бет.

[2] Өзбекистан тарийхы ,. I.203-бет.

(ma`mleket) paydasına o`ndirilgen rentadan o`z u`lesin aldı. Basqasha aytqanda, a`skeriy ikta iyesi immunitet pravosınan paydalandı, fiskal xarakterine iye boldı.

Mong`ollar da`wirindegi a`skeriy iktanın` tiykarg`ı belgisi rayatlardı jerge yuridikalıq jaqtan bekitiw bolıp tabıladı.

Gazang`ana yarlıg`ına muwapıq barlıq o`z jerinen qashıp ketken rayatlar (diyxan) otız jıl dawamında ku`sh penen burıng`ı otırg`an orınlarına alıp kelinetug`ın boldı. Bul jerde ayrıqsha jag`daylardı aytıp o`tiw kerek. A`skeriy ikta iyesi yuridikalıq jaqtan sheklengen bolıp o`z qa`lewi menen rayatlar u`stinen ha`kimlik ete almadı. Basqasha aytqanda ol o`z qa`lewi menen rayatlardı bir awıldan ekinshi awılg`a ko`shire almag`an. Bul jerde biz mong`ol xanlarının` Orta Aziyada jer siyasatı belgili ukaz ta`rtipler ja`rdeminde qatan` alıp barılg`anın ko`remiz. Biraq, bunday barlıq jerde birdey qatan` saqlandı dep aytıw qıyın.

Mong`ollar da`wirindegi mag`lıwmatlarda Gazanxan waqtın ha`r bir ikta jer iyesi ma`mleketlik skladqa belgili mug`darda da`n beriw kerek bolg`an, bul fakt mong`ol xanlarının` «indju» yaki «divani» jolı menen ikta jerlerin azaytsa da, ma`mleketke tu`setug`ın doxodtın` ko`lemin azaytpay, kerisinshe iktalarg`a da`nlay natural` salıq salg`anlıg`ın ko`rsetedi. Bul ko`rsetkish sonın` menen qatar iktanın` ko`lemin ko`rsetpedi. Bul ha`r bir mong`ol a`skerinin` ikta ko`lemi bolg`an budan ha`r bir a`skerge beretug`ın jer ko`lemin anıqlaw mu`mkin emes.

İkta iyesine tek g`ana jer u`lesi berilip qoymay jaqsı o`nim alıw ushın ju`da` kerekli bolg`an suw istochnikleride ajıratılg`an.

Endi biz mong`ol a`skerlerine ikta boyınsha berilgen jer u`leslerin ko`rip shıg`amız. Bul boyınsha mag`lıwmattı Gazanxan yarlıg`ında ushıratamız.

Bul yarlıq mazmunı Rashidaddinnin` «Jılnamalar jıynag`ı» («Sbornik litopisey») shıg`armasında keltirilgen mong`ol a`skerlerine berilgen ikta jerleri birinshiden: ma`mleketke tiyisli bolg`an «indju» yaki «divani» bolg`an. Bul jerde otırg`an diyxanlar iktada paydası ushın islep, xojayıng`a ta`rtipli tu`rde burın g`aznag`a tu`setug`ın alım-salıq to`lep otıradı.

Ekinshiden, ikta jerleri bos jatqan biraq ma`mleketke qaraslı bolg`an (divan) esabınan bergen. Eger bul jerlerge burıng`ı iyesi qaytıp kelip, yuridikalıq jol menen

o`ziniki ekenin da`lillese jan`a ikta iyesi burıng`ı xojayıng`a o`nimnin` onnan bir bo`legin berip, qalg`anların o`zine ha`m ijarashılarg`a bo`listiretug`ın bolg`an.

Solay etip, mong`ollar da`wirinde de burın baslang`an biraq qanday da sebepler menen tamamlanbay qalg`an diyxanlardı jerge bekitiw protsessinin` yuridikalıq jaqtan tamamlang`anın ko`remiz.

Shıng`ısxan dinastiyasının` son`g`ı a`wladları bolg`an mong`ol xanları waqıtında san Temuridler (XIV-XV a`a`.) da`wirinde jerge iyelik etiwdin` jan`a feodallıq institut soyyurgal` (suyirgal) qa`lıplesti.

Biraq soyyurgal` jer iyelewshiligi son`g`ı mong`ol xanları waqıtında qa`lipleskeni menen onın` rawajlanıwı XV a`. ku`sheydi.

«Soyyurgal`» – termini inam etiw degen ma`nisti bildirgen. Sovet tariyxshısı A.M.Belenitskiy (Leningrad) Orta Aziya soyyurgal` jer iyelewshiliginin` kelip shıg`ıwı analizlengen[1]. Ayırım tariyxshılar soyyurgal` feodallıq jer iyeleniwshiligin ma`mleket yaki Ha`kim xan ta`repinen sıylıq iretinde berilgen dep ataydı. Bunda soyyurgal` iyesi sha`rtli tu`rde xızmet atqarmag`an[2].

Basqa bir topardag`ı ilimpazlar kerisinshe soyurgal` formasındag`ı jer iyeleniwshilikti onın` iyesinin` ma`mleket yaki xang`a sha`rtli tu`rde xızmet etiw kerek dep bilgen.

Ko`rnekli Shıg`ıstanıwshı ilimpaz, akademik İ.P.Petrushevskiy o`zinin` «İrandag`ı jer iyeleniwshilik» degen miynetinde «soyyurgal`»dın` kelip shıg`ıwı ma`mleket aldındag`ı xızmetke baylanıslı ekenin ko`rsetip berdi. Bunı avtor persmiyalı mag`lıwmat beriwshi Sharafaddin İazdı dereklerine su`yenip aytadı. İazdı mong`ol xanları Taxtanısh ha`m Urus xan ortasındag` ja`njeldi so`z etkende keltiredi. Onda Urusxan Timurg`a kelgen. Onın` qasında mın`bası Uruk Timur bolg`an. Uruk Timur saparda ju`rgende onın` u`lesi (eli) Urusxan ta`repinen basqa birewge soyyurgal` iretinde berilgen. İazdı o`z mag`lıwmatın dawam etip, Uruk Timur o`z syuzeranı Urus xang`a qaytıp kelip o`z elin (jerin) qaytıp beriwdi sorasa

---

[1] Белениций А.А. Из истории феодального землевладения при Тимуридах. Историк № 4. 1941, 43-58-стр.

[2] Сонда, 46-бет.

da, xan og`an bermegen. Bunda biz soyyurgal` iyeleniwshiligi Ha`kim basshıg`a etken xızmetke baylanıslı ekenin ko`remiz.

Jazba dereklerde bul boljawlardı da`lillewshi mag`lıwmatlar ko`p. Orta a`sir tariyxshıları Timuridler da`wirine tiyisli soyyurgal` jer iyeleniwshiligine baylanıslı bolg`an faktlerdi keltiredi.

Timur Azerbayjang`a sho`lkemlestirilgen ju`risleri waqtında Shirvan ha`kimi sheyx İbragimge og`an tiyisli bolg`an burıng`ı jerlerin soyyurgal` retinde qaldırg`an. Bunın` esesine sheyx İbragim Derbent da`rwazasın qorg`awg`a yag`nıy Temurg`a xızmet etiwge wa`de bergen. Basqa bir jerde Nazdi Beshkent xalqı Temurg`a erikli bag`ıng`an. Temur olarg`a burıng`ı o`z jerlerin soyyurgal` retinde qaldırg`an.

Barlıq tariyxshılar soyyurgal` tek g`ana a`skeriy adamlarg`a g`ana xızmet ushın berilmey ruwxanıyshılarg`a, ma`mleket chinovniklerine hu`kimet aldındag`ı jaqsı xızmetleri ushın inam etilgen. Na`tiyjede soyyurgal` XV a`sirde ken`nen tarap feodal jer iyeleniwshiliktin` sha`rtli tu`ri bolg`an.

«Soyyurgal`» termini menen arnawlı jer u`lesi an`latılıp, ha`tteki inam etilgen territoriyalarg`a da soyyurgal` tu`sinigi engizilgen.

Soyyurgal` iyesi rayotlardan jer rentasının` barlıq tu`rlerin o`z paydası ushın o`ndiriwge haqılı bolıp bul adamlardın` arasındag`ı burın oraylıq vlastqa gazang`a to`lenetug`ın salıqlar da jatadı.

A`lbette, bul ta`rtipler jan`adan bolg`an qubılıs bolmay soyyurgal` feodal institutı jer iyeleniwshiligi – iktanın` rawajlanıwı bolıp esaplanadı. Bul eki sha`rtli jer iyeleniwshiliktin` (ikta ha`m soyyurgal`) ulıwma belgisi – olardın` miyras xarakterinde bolıwı.

## Juwmaqlaw

Solay etip mong`ollar da`wirinde ju`rgizilgen awır salıqlar g`ana xalıqtı ezip qoymay, olardı o`ndiriw usılları da jawızlarsha boldı. Salıqlardı ayawsız jıynaw feodallıq ja`miyette miynetkesh xalıq massasının` jarlılanıwına ha`m bu`liniwine alıp keldi.

Mong`ollar da`wirinde xalıqtı eziw ku`shli bolıp, Orta Aziya jerlerinde o`ndiris ku`shlerinin` bir neshe onlag`an jıllar dawamında bu`liniwi dawam etti.

Biz joqarıda Evraziyada, sonın` ishinde Orta Aziyada 150 jıldan aslam u`stemlik etken mong`ollar ma`mleketi Chag`atay ulısı, Altın Orda ma`mleketine tiyisli jazba a`debiyatlar ha`m tariyxıy shıg`armalar ja`rdeminde mong`ol xanlarının alım, salıq siyasatına toqtadıq. Bul alım salıqlar adamlardı ezip g`ana qoymay, olardın` turmısında awır apatshılıq alıp kelgen. Ruwxıy jaqtan ezgen. Bu`lginshiliklerge alıp kelgen.

Orta Aziyadag`ı Shag`atay ulısı, Jochi ulısı (Xorezm) jerlerinde suwg`arıw sistemaları ha`m egis maydanlarının` ko`lemi qısqardı. Bug`an mısal iretinde Shıng`ısxan a`skerlerinin` Murg`ab jerlerindegi tarnaw, U`rgenshtegi suwg`arıw sistemaların buzıwı mısal bola aladı. On` jag`adag`ı Gavxore suwg`arıw tarmaqları, kuavat qala oazisi apat boldı.

Mong`ollardın` awır salıqlarına shıdamag`an diyxanlar o`zlerinin` otırıqshı orınların taslap ketiwge, jan`a qolaylı jerler tabıwg`a, ashtan o`liwge ma`jbu`r boldı. Xalıq mudamı qorqınıshta, awır ekspluatatsiyada jasawg`a ma`jbu`r boldı. Bunday qa`wip-qorqıwlardın` aldın alıw ushın mong`ollar ayrım ilajlar ko`rdi. Gazanxan reformalarında awıl adamlarına orın o`zgertiwge tıyım salıp, diyxanlardı son`g`ı zorlıq zombılıqlar menen ku`n ko`risten ayırdı.

Diyxanlar bunday jag`daydan qutılıw ushın o`zlerin eziwshilerge qarsı ashıq gu`reske shıqtı. Bul gu`reste olar tek g`ana mong`ol basqınshılarına qarsı gu`respey, jergilikli feodallarg`a da qarsı gu`res alıp bardı.

Solay etip, joqarıda aytılg`anlardan to`mendegidey juwmaq shıg`arıwg`a boladı.

Ko`shpeli mong`ollar da`wirinde Orta Aziya jerlerinde sotsial-ekonomikalıq turmısta aytarlıqtay o`zgeris ju`z bermeydi. Sebebi mong`ollarda, onnan burın Orta Aziya jerlerinde u`stemlik etken Xorezmshax wa`killeri de bul eziwshiler toparınan. Burıng`ı tu`rk feodallarının` ornına ko`shpeli mong`ollar keldi. Mong`ol feodalları burıng`ı ko`shpeliler traditsiyasın jan`adan o`zlestirgen Orta Aziya, İran jerlerine alıp keldi.

Mong`ollar u`stemligi da`wiri feodallıq qatnaslar ha`m o`z-ara urıslardın` o`siwi menen xarakterlenedi. Mong`ollar xalıqtı ekspluatatsiyalawda jan`a metodlardan paydalandı. Jan`adan salıqlar engizdi. Burın bolmag`an eziwshilikti ku`sheytedi.

Jer-suw qatnaslarında burıng`ı eginshilik zonasındag`ı ta`rtipler dawam etti. Bul jerde ko`shpeli mong`ollar otırıqshılar traditsiyasınan paydalang`anın ko`remiz.

Ha`zirgi mong`ollar imperiyasının` bir neshe ju`z jıllıq yubileyi ayrım eller belgilemekshi bolıp atırg`anda sol zamandag`ı awır qublıstın` biri – eziwshilerdin` alım salıq siyasatın arnawlı izertlew tariyx iliminin bag`darlı temalarının` birine aynalıwı so`zsiz.

## Paydalang`an a`debiyatlar


1. Karimov I.A. «Tarixiy xotirasiz kelajak ywq» Toshkent

2. Karimov I. Asosiy vazifamiz vatanimiz taraqqiyoti va faravonligini yanada yuksaltirishdir. T., 2000

3. Karimov I. «Joqari ma`nawiyat – jen`ilmes ku`sh». T., 2008 jil.

4. Ализаде А. Земельная политика ильхамов в Азербайджане. Баку 1968.

5. Ализаде А. К вопрпосу о института инджу в Азербайджане. Сборник статей. История Азербайджана. Баку 1956.

6. Алекперов Ю.Н. Самарканд, Ташкент,1966.

7. Атагаррыев Е. Средневековый Дехистан. Ленинград,1986.

8. Бартольд В.В.Туркестан в эпоху монгольского нашествия.Соч.Т.1.Москва,1963.

9. Бартольдв В.В. Персидская надпись в Анииском мечети. Соч.Т.1У.Москва, 1967.

10. Беленицкий И.Б. К вопросу о социальном отношении в Иране Х111-Х1У вв./Советское Востоковедение. Т.У. Л. 1967.

11. Беленицкий И.Б. Из истории феодального землеладения при Темуриидах. Историк-….№ 4. 1942.

12. Владимирцов Б. Общественный строй монголов. Л.,1930.

13. Kdırniyazov M.-Sh.Altın orda da`wirindegi Tuslik Aral boyı ma`deniyatı. Nokis, 1993.

14. Kdırniyazov M.Sh.Xorezmnin orta a`sir arxeologiyası boyınsha jazba derekler ha`m izertlewler. Nokis, 1995.

15. Неразик Е.Е.Сельское жилище в Хорезме.Москва,1976.

16. İbn Arabshax. Temur tarixi.Toshkent,1993.1-2- jild.

17. Ибрагимов Н.Путешествия Ибн Баттуты по Средней Азии.Москва,1989.

18. История средних веков. Москва,1989.

19. История монголов по армянским источникам. Пере издание.Вып.2.1973.

20. Ozbekistan tariyxı. Tashkent,1955. 1965.1975

21. Петрушевский И.П. Земледельие и аграрное отношение в Иране XIII-XIV вв. М.-Л.1967.

22. Материалы по истории туркмен и Туркмении.Том.1.1939.

23. Рашид ад Дин.Сборник Летописей.Т.III. М,1966.

24. Толстов С.П. По древним дельтам Окса и Яксарта. Москва,1962.

25. Татаро-монголы в Азии и Европе. Москва,1977.

26. Чехович О.А. Бухарские документы XIV в.Ташкент,1966.